ЛIыгъэкIэ псыхьат, лэжьыгъэкIэ узэщIат
2-нэ нап.

Уи пщIэр уи Iуэхущ Iафэрщ
3-нэ нап.

Гъэмахуэм Небуг щыIуощIэ
4-нэ нап.

Ди щIалэхэр нэхъ лъэщт
4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№70 (24.820) • 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 11, бэрэжьей • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэщ

УФ-м и Президент Путин Владимир видеозэпыщIэныгъэ Iэмалхэм тету дыгъуасэ зригъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ я IуэхущIапIэхэр къызэрызэIуахыр. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым щитхыжащ а гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр зэрекIуэкIар, ди республикэр абы зэрыхэтар.

«КЪЭРАЛЫМ и УнафэщIым едгъэлъэгъуащ а IэнатIэм щыщ ухуэныгъэхэу Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэр - Налшык къалэм и поликлиникэ №1-р, зы лэжьэгъуэ махуэм къриубыдэу цIыху 500-м я узыншагъэм щыкIэлъыплъыфынур, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - IуэхущIапIэм лэжьэн щIидзащ, абы епхащ республикэм и къалащхьэм щыпсэухэм ящыщу цIыху мин 84-м щIигъу.

Поликлиникэр ухуэн 2022 гъэм щIэддзауэ щытащ къэралым и Президентым къыхилъхьа «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьын» программэм ипкъ иткIэ. УнэщIэм метр зэбгъуэзэнатIэ минибгъум щIигъу еубыд икIи иджырей мардэхэм сыт и лъэныкъуэкIи къотIасэ.

ЦIыхухэм я узыншагъэр зыхуэдэр щызэхагъэкI, икIэщIыпIэкIэ дэIэпыкъуныгъэ щратхэм, махуэ стационарым нэмыщI, абы хохьэ лыщх узыфэр зыпкърытхэм щадэIэпыкъу, узыфэр къыщахутэ, КИФЩI-м щынэхъ ин дыдэ эндоскопие къудамэхэр, иужьрейм илъэсым кърикубыдэу къэпщытэныгъэ мин 20-м щIигъу щрагъэкIуэкIыну, апхуэдэу дзэ Iуэху хэхам хэтахэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжыфыну реабилитацэ центр, лабораторэ ин дыдэ, нэгъуэщIхэри хэтщ. Абы иджырей технологиехэм тету цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэнущ.

Ар икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я дежкIэ, иджырей мардэхэм тету медицинэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм абыхэм ягъуэтынымкIэ.

Илъэситхум кърикубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ узыншагъэр хъумэным пыщIа IуэхущIапIэу 38-рэ, иджырей медицинэ Iэмэпсымэу 306-рэ, IэнатIэм къыщагъэсэбэпыну автомобилу 95-рэ къащэхуащ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ процент 35-кIэ хэхъуащ республикэм щыпсэухэм ящыщу диспансеризацэм къызэщIрагъэубыдам, къэпщытэныгъэхэр хуэдипщIкIэ нэхъыбэ хъуащ.

Зыужьыныгъэм хуэгъэпса лэжьыгъэхэм пащэ. Илъэс гъунэгъухэм я мурадщ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм щыщ IуэхущIапIэ 80 хуэдиз яухуэну е зэрагъэпэщыжыну. Илъэс дызыхуэкIуэм лажьэу яутIыпщынущ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI ухуэныгъэр - лыщх узыр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерыр, гъуэлъыпIэ 250-рэ щIэту».

КъБР-м и Iэтащхьэм Путин Владимиррэ Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм фIыщIэшхуэ яхуищIащ республикэм зэпымыууэ гулъытэ къызэрыхуащIым икIи абы и цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр къызэрыдаIыгъым папщIэ.

КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Iэтащхьэм поликлиникэм и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ унэщIэм зэрыIэпхъуэжамкIэ икIи я Iэзагъэм хагъахъуэ зэпыту, ехъулIэныгъэхэр яIэу, республикэми къэралми яфI зыхэлъхэм хуэлэжьэну зэригуапэр къыхигъэщащ.

Урысей тхыдэ зэгухьэныгъэм и зэхуэсым

КъБР-м и Парламентым, Урысей тхыдэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и советым я унафэщI Егоровэ Татьянэ видео зэпыщIэныгъэкIэ хэтащ Урысей тхыдэ зэгухьэныгъэм и зэхуэсым. Ар щрагъэкIуэкIащ «ЭкономикэмкIэ школ нэхъыщхьэ» цIыхубэ къэхутакIуэ университетым ЩэнхабзэмкIэ и центрым.

- УРЫСЕЙ тхыдэ зэгухьэныгъэр щIэрыщIэу зэрахуэжрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI тхыдэм и пэжыпIэр хъумэнымрэ абы цIыхухэр нэхъ кууэ хэгъэгъуэзэнымрэ, - жиIащ а IуэхущIапIэм и унафэщI, УФ-м тIасхъэщIэх IуэхухэмкIэ и IэнатIэм и нэхъыщхьэ Нарышкин Сергей.

ЗэIущIэм хэта щIэныгъэлIхэр, егъэджакIуэхэр, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэхэр тепсэлъыхьащ Урысей тхыдэ зэгухьэныгъэм и Iуэхущ Iафэхэм, школ нэхъыщхьэм тхыдэмкIэ щIэныгъэ зэрыщыратым, тхыдэр хъумэным иужь зэритым, ар пцIым хуамыгъэкIуэным зэрыпэщIэтым. Апхуэдэуи и гугъу ящIащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием илъэс 15-м кърикубыдэу зэфIигъэкIам, иджырей тхыдэмкIэ щIэныгъэм зэрызрагъэужьым, тхыдэщэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ дзэ Iуэху хэхам ехьэлIа фэеплъымрэ зэрахъумэм.

Егоровэ Татьянэ хэтащ Урысей тхыдэ зэгухьэныгъэм и правленэмрэ «Хэкум и тхыдэ» фондымрэ я унафэщI Гагкуев Руслан IуэхущIапIэм и щIыналъэ къудамэхэм я гъусэу къызэригъэпэща зэхуэсми.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м сыхьэти 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ.

Iэмалыр зыIэщIэвмыгъэкI

УФ-м и Президент Путин Владимир къызэрыхилъхьам тету, къалэхэр псэупIэ тынш щIын Iуэхум цIыхубэр къыхэшэным хуэунэтIа ФКГС проектыр 2017 гъэ лъандэрэ мэлажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым утыку кърихьащ объект 27-рэ. Абыхэм ящыщу Налшык къигъэлъэгъуащ объекти 7, Прохладнэм - 6, Май къалэмрэ Тэрчрэ - щырыщ, Шэджэм, Тырныауз, Бахъсэн, Нарткъалэ - объект тIурытI.

Фи псэупIэр нэхъ дахэ фщIын Iэмалыр зыIэщIэвмыгъэкI!

Зы махуэщ къэнэжар «Къалэ псэукIэр егъэфIэкIуэн» (ФКГС) къэрал проектым хэхуэну объектхэр яубзыхун папщIэ, интернетым щрагъэкIуэкI урысейпсо Iэлэтыр иухыным.

ФИ IУЭХУ еплъыкIэр къэвгъэнаIуэу, проектым зыщIэвгъэкъуэну Iэмал фиIэщ. Абы и фIыгъэкIэ нэхъыфIу флъагъу щIыпIэхэр нэхъ тынш икIи нэхъ дахэ хъунущ. Iэлэтыр мэкъуауэгъуэм и 12 пщIондэ zagorodsreda.gosuslugi.ru. сайтым щекIуэкIынущ.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

● ЩIэныгъэ

БлэкIам и пэжыр сакъыу яхъумэ

УФ-м и Президентым и Унафэм тету, 2025 гъэр ди къэралым щагъэуващ ТекIуэныгъэм и илъэсу. Ар я тегъэщIапIэу ди Хэку иным махуэ къэс щокIуэкI дунейпсо тхыдэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIа а къэхъукъащIэм щытепсэлъыхь, абы и напэкIуэцIхэм иджыри зэ щриплъэж зэIущIэхэр, зэхуэсхэр, пэкIуэхэр. Апхуэдэу Дон Iус Ростов къалэм иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ «Хэку зауэшхуэр Урысейм и Ипщэ щIыналъэм щыпсэухэм я тхыдэм къызэрыхэнар: къэхъукъащIэхэр, цIыхухэр, фэеплъхэр, нэщэнэхэр» фIэщыгъэр зиIа Урысейпсо щIэныгъэ конференц.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и щIыналъэхэм я щIэныгъэлIхэмрэ къэхутакIуэхэмрэ нэмыщI, абы кърагъэблэгъащ хамэ щIыпIэхэми ящыщхэри. Зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ ди республикэм и лIыкIуэхэри.

Псори зэхэту къэрал 11-м къикIа щIэныгъэ лэжьакIуэхэр зрихьэлIа зэхуэсым иджыри зэ шэщIауэ щытепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэмрэ абы ди къэралым ТекIуэныгъэ къызэрыщихьамрэ епха Iуэхугъуэ куэдым. Къапщтэмэ, нэхъ зэпкърыхауэ къагъэнэIуащ Урысей Ипщэм щыпсэу лъэпкъхэм а мафIаем и губгъуэхэм щызэрахьа лIыгъэмрэ къакъуэкIа хахуагъэмрэ. Апхуэдэуи ТекIуэныгъэр къэхьыным хуащIа хьэлъхьэныгъэр зэрымымащIэми щытепсэлъыхьащ.

- Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэу 1945 гъэм и накъыгъэм и 9-м къэхъуам теухуа хъыбархэм ящыщ куэдым пцIыр лъабжьэ хуащIри, жылагъуэ гупсысэр ягъэутхъуэну я мурадщ, - жаIащ конференцыр къыщызэIуахым абы къызэгъэпэщакIуэхэм. - Хамэ къэралхэм къахокI ди Хэкум абы хуищIа хэлъхьэныгъэр зыгъэлъэхъшэну хуейхэр. Абы папщIэ тхыдэ щIэинхэр, фэеплъхэр зэтракъутэ, къэкIуэну щIэблэхэр пэжым щыгъуазэ зыхуамыщIыфын хуэдэу. АтIэми дунейпсо тхыдэр зыми кърихыкIыжыфынукъым. Абы щыгъэнэIуакIэщ пэжри пцIыри.

Конференцым хэта щIэныгъэлIхэм ящыщ куэд къызэхуэсахэм ядэгуэшащ къыздикIа щIыналъэм Хэку зауэшхуэм ехьэлIауэ илъ зэхэщIыкIым, щIэныгъэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм. Ди республикэм икIа гупым щыщу псэлъапIэр хуит зыхуащIа, тхыдэ щIэныгъэмкIэ доктор Апажэ Еленэ и докладым къыщигъэлъэгъуащ блэкIам и пэжыр хъумэным, Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцIхэр джыным Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэшхуэ зэрыщыхуащIыр, абы ехьэлIа лэжьыгъэшхуэ зэпыу имыIэу зэрыщекIуэкIыр.

- Ди щIыналъэм къыщызэдгъэпэщ апхуэдэ Iуэхугъуэхэм я мурад нэхъыщхьэр епхащ цIыху мелуанхэм я гъащIэр зыщIату ТекIуэныгъэ иным ди къэралым, ди республикэ цIыкIум хуищIа хэлъхьэныгъэ иныр наIуэ къэщIыным, - жиIащ Апажэм. - Дызэрыгушхуэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэм ис щIалэгъуалэр я адэшхуэхэм, дадэшхуэхэм я щапхъэм тету, абыхэм яхэлъа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я гъуазэу къызэрытэджыр. Апхуэдэу гулъытэ хэха яхудощI ди къэралым гъунэгъу щIыналъэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэт ди лъахэгъу щIалэхэм.

ЩIэныгъэ зэхуэсым и утыкушхуэм къыщыпсэлъахэм зэрыжаIамкIэ, ТекIуэныгъэ иныр совет цIыхубэм къызэрахьрэ илъэс 80 дэкIыжами, ноби йокIуэкI абы хэтахэм ящыщу хъыбарыншэ хъуахэм я кIуэдыкIар къэлъыхъуэжыныр, фэеплъхэр зэфIэгъэувэжыныр, нэгъуэщIхэри. А псори хуэгъэпсащ тхыдэм и пэжыр хъумэным, ар щIэблэхэм я деж нэхьэсыным. А лэжьыгъэмкIэ абы хэкIуэдахэм, лIыхъужьу хэтахэм я пщIэр къэтIэт къудейкъым, атIэ ди нэмысри доIыгъыж, къэкIуэнуми пэжыр зи лъабжьэ быдэ лъэмыж худодз.

КЪАРДЭН Маритэ.

Ди къуэш республикэхэм

ПсэукIэр тынш зыщI пэхуэщIэхэр

ЧЕРКЕССК. *Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и телеграм-каналым щитхащ технологие екьэжьахэр щIыпIэ экономикэм къыхэшэным, хамэ къэралхэм къращу щыта хьэпшыпхэм хуэдэхэр фIагъ лъагэ яIэу я деж къыщыщIэгъэкIыным хуэунэтIа пэхуэщIэхэр республикэм жыджэру зэрыщылажьэр.*

«ЖЫПIЭНУРАМЭ, апхуэдэ пэхуэщIэ иджыблагъэ щагъэззэщIащ цемент къыщIэзыгъэкIыу Урысей Ипщэм щыIэ заводхэм я нэхъ ин дыдэ «Кавказцемент»-м. Абы щаутIыпщащ ди къэралым къыщагупсыса иджырей линэщIэхэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, цементыр къэпым иракIутэн папщIэ трагъэкIуадэу щыта зэманыр нэхъ мащIэ хъуащ, кIэрыху щыIэкъым икIи килограмм бжыгъэ илъын хуейри мардэм тетщ.

Мыдрейуэ, иджырей пэхуэщIэм социальнэ мыхьэнэуэ иIэри къыхэзгъэщынут. Абы и фIыгъэкIэ лэжьапIэщIэхэр къызэIудох, налогыу къыхэкIым и куэдагъми хыдогъахъуэ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнми хуэунэтIащ», - къыщыхигъэщащ и телеграм-каналым КъШР-м и УнафэщIым.

ХэкIыпIэфIу къалъытэ

СЫХЪУМ. *УФ-м и цIыхухэм мы гъэм зыщагъэпсэхуну къыхаха щIыпIэхэм ящыщщ Абхъазыр икIи нэгъабэ и мэкъуауэгъуэм кърикубыдэу яхуэща путевкэ бжыгъэм нэхърэ процент I,7-кIэ нэхъыбэ хъуащ мы илъэсым.*

УРЫСЕЙМ и туроператорхэм я зэгухьэныгъэм зэрыщыжаIамкIэ, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар ди къэралым и тенджыз ФIыцIэ Iуфэхэм, Iэнапи яхэту, Кърымым зыщызыгъэпсэхуну хуейхэм зэрыкIэрыхуарщ.

«Туркумрэ Урысеймрэ бжьыпэр нэгъабэ зэдагуэшауэ щытамэ, мы гъэм щIэупщIэ зиIэр Тыркумрэ Мысырымрэщ, уеблэмэ Тыркум зыщызыгъэпсэхуну хуейхэм я бжыгъэм кIэрыхуакъым, нэгъабэ хуэдэу къэнэжащ. Урысейм и зыгъэпсэхупIэхэр къыхэзыхыу щытахэм процент 27-кIэ кIэрыхуащ икIи апхуэдэ щытыкIэм зифI екIа хамэ къэралхэм Абхъазыр яхэхуащ», - къыщыхагъэщащ туроператорхэм я зэгухьэныгъэм.

Зыгъэхьэзырар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ!

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2025 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр мэкъуауэгъуэм и 23 пщIондэ екIуэкIынущ.

«Адыгэ псалъэм» тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ. Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, фигу къыдогъэкIыж «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэр:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1081-рэ кIэпIейкIэ 56-рэ;

фэ езым пощтым къыщеIыфхыжынумэ - сом 987-рэ кIэпIейкIэ 54-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр П5894

Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ

Хьэцэпэцэм и фIагъым кIэлъоплъ

«Мэкъумэш IэнатIэм къыщрахьэлIэжым и фIагъым кIэрымыгъэхунымкIэ центр» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм (ФГБУ) Къэбэрдей-Балъкэрым щиIэ и къудамэм щылажьэхэм я мурадщ къапыщIа республикэхэу Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэным, Ингушым, дыдейри хэту, 2025 гъэм къыщагъэкI гуэдзым и щытыкIэр процентi 100-кIэ зэхагъэкIыну. **Нэгъабэ яхузэфIэкIам, зыхунэмысам, я Iуэху бгъэдыхьэкIэм зэрызрагъэхъуэжым, IэмалыщIэу къагъэсэбэпхэм тыдогъэпсэлъыхь зи гугъу тщIы IуэхущIапIэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий.**

- Мы гъэм гуэдзым и щытыкIэр зэхэгъэкIынымкIэ «къэрал мониторинг» зыфIаща Iуэхугъуэр едгъэкIуэкIыну зытедухуар мэкъуауэгъуэм и 21-м къыщыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 10 пщIондэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, зи гугъу тщIы Iуэхутхьэбзэр къэзыгъэщхьэпэну хуейхэм я дежкIэ ар пщIэншэу зэрыщытынур.

- Хьэдзэхэм я зэхэлъыкIэ-зыужьыкIэр зыхуэдэр щIызэхагъэкIыр сыт?

- Гуэдзым фIагъ и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутыр умыгъэпщкIуу зэбгъэщIэныр Iэмалыфlщ къыщыпщэхукIи къыщыбгъэсэбэпкIи утегушхуэнымкIэ, къуита гъавэр къепхьэлIэжа иужь, ди республикэм и мызакъуэу, УФ-м и адрей щIыналъэхэми, уеблэмэ нэгъуэщI къэралхэми щащэхунымкIэ.

- Федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм КъБР-м щиIэ и къудамэм гуэдзыр щIипщтыкIынымкIэ республикэм и мэкъумэшыщIэхэр къызэрывдэлажьэм и гугъу къытхуэщIыт, Хьэутий.

- ЯпэщIыкIэ, щIым телэжьыхьым къигъэкIа гуэдзым къыхихар ирешалIэ «Зерно» зыфIаща федеральнэ къэрал хъыбарегъащIэ зэкIэлъыхьам и щIыналъэ IэнатIэм, апхуэдэу зэрищIар зэрыт тхылъи ди деж кърегъэхь. КIэлъыкIуэу, гуэдзыр зыгъэкIым деж ди IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIыр макIуэри, и хьэдзэхэм ящыщ къытхуешэр. АдэкIэ къытIэрыхьам фIагъ и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутыр зэгъэщIэныр аращи, къыдэгъэщIылIа лъэщапIэм ар щызэхагъэкI, абы теухуа тхылъри «Зерно» федеральнэ къэрал хъыбарегъащIэ зэкIэлъыхьам Iэрагъэхьэ.

- Фи IуэхущIапIэм къепха щIыналъэхэм къыщагъэкI гуэдзым щыщу 2024 гъэм къриубыдэу дапхуэдизым я Iуэху зыIутыр зэвгъэщIа?

- Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ящыщу республики 4-м щызэщIакъуэжа, тонн мин 670-рэ хъуа гуэдзым и фIагъыр зыхуэдэр яхузэхэгъэкIащ IэнатIэм и IэщIагъэлIхэм. Къыхэдгъэщ зэрыхъунумкIэ, ар а хэгъэгухэм щызэхуахьэсыжам и проценти 100-щ. Зи гугъу тщIы хьэцэпэцэм и теплъэр, гуакIуэмэу къыпихыр, щымыщу хэлъыр, псыIагъэу иIыгъыр, узыфэ къезытхэм «зэрызащидзейр», нэгъуэщI абы хуэдэхэри къызэрытщIэ къэпщытэныгъэу 14 360-рэ ди IуэхущIапIэм къедза лъэщапIэхэм щрагъэкIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэтщтэнщи, нэгъабэ щыщIапщытыкIа гуэдзым и процент 17,7-р ещанэ класс жыхуаIэм хуэдэщ, процент 51,7-р – еплIанэщ, процент 30,6-р – етхуанэщ.

- ЛIэужьыгъуэкIэ зэрызэхэвдзым къигъэлъагъуэр сыт?

- «КлассхIэ» зэрызэхэдзам дэ къыдегъащIэ хьэцэпэцэр къызэрыбгъэсэбэп хъуну щIыкIэр. Дамыгъэр нэхъ лъагэху, хьэжыгъэм къыхащIыкI щIакхъуэри нэхъ IэфIщ. Езы классыр елъытащ жылапхъэр хъума зэрыхъуам, лъэпкъыгъуэфI къызэрыхахам, мэкъумэш щIэныгъэм тету къызэрагъэкIам, псыи дыгъи зэрыщымыщIам.

- 2024 гъэм евгъэкIуэкIа къэрал щIэпщытыкIыныгъэхэм мэкъумэш IэнатIэу дапщэ хэтар?

- Дэ къыдэпха республикэхэу Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэным, Ингушым, дыдейри хэту, щыпсэу-щылажьэ мэкъумэшыщIэу миным щIигъу.

- Гъэ дызэрытым хьэцэпэцэу дапщэм фыхэплъэну фи мурад?

- Ди гугъэщ 2025 гъэм кърибыдэу республикиплIми къыщрахьэлIэжыну гуэдзым щыщу тонн 700-м нэблагъэ щIэтпщытыкIыну. Ар иужьрей илъэситхум къриубыдэу ику иту дызэлэжьам хуэдизщ.

АНЗОРЫКЪУЭ Аслъэмырзэ.

● Япэ итахэр

ЛIыгъэкIэ псыхьат, лэжьыгъэкIэ узэщIат

«Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэ гумызагъэ икIи и ныбжьэгъу пэж Къардэн Мухьэмэд и къалэмыпэм къыпыкI тхыгъэхэр дапщэщи яфIэщIэщыгъуэщ газетеджэхэм. Нобэ ар къыддогуашэ Хэку зауэшхуэм хэта ди лъахэгъу, адыгэлI нэсу дунейм тета Хьэмжу Шамхьун теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ.

«ЗАУЭМ хэта ди нэхъыжьыфIхэу дунейм ехыжахэр фIыкIэ дигу къэдгъэкIыжын, зэпымыууэ псалъэ гуапэ яхужытIэн хуейщ, абыхэм я фэеплъхэр щапхъэ тхуэхъуу гу къабзэ-псэ дахэу дыщытын, дызэхуэгуапэу дызэбгъэдэтын папщIэ. ФIыр зыщызыгъэгъупщэр фIы зыхуэмыщIэнуращ. Уэ пщIар аращ бгъуэтыжынур. Ар къызыгурыIуэм и насыпщ. Апхуэдэ цIыху насыпыфIэхэм ящыщу дунейм тетащ, ноби куэдым фIыкIэ ягу къинэжащ Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта, адыгэлI зыхужыпIэ хъуну Хьэмжу Шамхьун. Абы къигъэщIа дэтхэнэ илъэсри хуэгъэпсауэ щытащ щалъхуа Хэкум, къуажэм, зыхэс лъэпкъым я цIэр фIыкIэ гъэIуным, лъэкI псори лъахэм хуэщIэным.

Шамхьун ебгъуанэ классыр къиуха къудейуэ Хэку зауэшхуэр къэхъеящ икIи адэкIи еджэну щIэхъуэпсами, абы и мурадыр къехъулIакъым. И къуэш Хьэмид, Кушбий, Тобий сымэ зауэм зэрыкIуэнумкIэ тхылъ Хьэмжухэ я унагъуэм щахуэкIуам, «си къуэшхэм закъыкIэрызгъэхунукъым, сэри ди Хэкур схъумэжын хуейщ», - жиIащ шынэхъыщIэ Шамхьуни. Ар зэхэзыха анэм и гум фIы щыщIэнт? Нэпс щIигъэкIыу нэхъыжьхэм захуигъэзащ: «Фи шынэхъыщIэр анэмэт фхузощI, фыхуэсакъ». Ауэ зауэр зауэщ, зыри пхуэщIэнукъым, уи натIэм къриттхами уфIэкIынукъым. ЗанщIэу жысIэнщи, Хьэмжухэ я лъэпкъым щыщу цIыху 9-р зауэм яIэщIихащ.

Илъэс куэд щIауэ районым пашэныгъэр щызыIыгъ «Красная Кабарда» колхозым и ещанэ гъэш фермэм и унафэщI Хьэмжу Шамхьун сцIыху къудейтэкъым. Пщэдджыжь къэс си лэжьыгъэр къыщыщIэздзэр абы и фермэр арат. Махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым абы семылъэIуу: «Зы зэман тIэкIу зыхущIэгъэхьи, зауэм узэрыщыIам и гугъу къысхуэщI».

Апхуэдэу екIуэкIыурэ Шамхьун зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэшхуэхэм папщIэ Ленин орденыр къратат. Ар щхьэусыгъуэ схуэхъури, сехъуэхъуну, си мурадыр зэзгъэхъулIэну лэжьыгъэ нэужьым я деж сыкIуащ. Дызэпсалъэу дыздэщысым, си нэр хуэзащ блыным фIэдза и къуэшищым я сурэтым. Зэманым фагъуэ ищIа, гъуабжэ хъуа сурэтым къищырт сэлэт фащэ зыщыгъ лIы бжьыфIэхэр. Дунейм и зэрыхьзэрий илъэсхэри пэлъэщакъым а тхылъымпIэ кIапэм къищхэм я нэм хуабагъыу къыщIихым.

Шамхьун заулрэ щыму сурэтым еплъащ, иужькIэ щэху дыдэу жиIащ:

- Ей, си къуэшхэ, мы тхылъымпIэ кIапэраи фи фэеплъу дунейм къытенар...

Сэ сыхуейт а дакъикъэм Шамхьун акъылэгъу сыдэмыхъуну. Гупсысэхэр псалъэ хъурти, си Iупэм къэсырт, ауэ ескъухыжырт. Сыхуейт Хэкум и къуэ пэжхэр, абы папщIэ зи гъащIэр зытахэм я дуней тетыкIа дахэр а зэманым къыдэзэуахэм, зыцIыхуа куэдым я гум илъу ноби къызэрекIуэкIыр жысIэну. Ауэ и къуэш хахуэхэр зэримыIэжыр гуауэу зи гум илъ Шамхьун сыпэрыуэнуи ескуртэкъым.

... Фельдмаршал Паулюс и армэу щытхъушхуэ зиIэр, Сталинград зэуэзэпсэу лъэгущIэт ищIыну зи мурадар, ди сэлэтхэм я «къапхъэным» ихуат. Гитлер мурад ищIат къэухъуреихьыныгъэр зэпритихъыу вермахтым и сэлэтхэр ихъумэну. Абы папщIи Паулюс дэIэпыкъуэгъу хуэхъуну къиутIыпщащ техникэщIэкIэ зэщIэузэда дивизэ зыбжанэ. Апхуэдиз лъэкIыныгъэшхуэ зиIэхэм япэува советыдзэм яхэту зэуащ Хьэмжур.

Махуэшхуэм хэтым хуэдэу гугъэшхуэ яIэу къакIуэрт нэмыцэхэр: танк жыр быдэхэм иужь итт десантникхэр, абыхэм яужьыжыр яIыгъыу къэпщырт бронетранспортёрхэу лъэсыдзэр зи гъусэр, езырезыру кIуэ топхэр. «ФыкъакIуэ, фыкъакIуэ фэ, деплъынщ сэ фысIэщIэкIыу жыжьэ фынэсмэ», - жиIэри Шамхьун къигъэхьэзыра лагъымыр гъунэгъу къыхуэхъуа танкым Iуридзащ. ЗигъэкIэрахъуэщ, зэщIэнэри нэмыцэхэр зэрыса гъуэмбэрэщым криxуащ. Ахэр Шамхьун жыжьэ нигъэсакъым.

КIуэ пэтми гъуахъуэ макъхэр нэхъ гъунэгъу къыхуохъу. ЗэщIэкъугъэу танхэр къыздэкIуэм ажал мафIэр къаIурех, топышэхэм щIыр явэ, ауэ Хьэмжум зыри зэхимыхым хуэдэщ. Абыхэм щысхьыншэу яхоуэ. Бомбэхэмрэ шэхэмрэ фашистхэм я кIуэкIэр якъутэ. ЗэрыпхъуакIуэхэр танк жырым къолъэри, жыжьэфI Iужа иужькIэ, щIытIым зыдадзэ. Ауэ фашист танкхэмрэ езырызекIуэ машинэхэмрэ щIэмычэу Шамхьун здэщыIэмкIэ къокIуэ. Ауэ ди танкхэр гъунэгъу къызэрыхъуу уащхъуэдэмыщхъуэу абыхэм танкым зэрызыщахъумэ IэщэхэмкIэ тезэрыгуащ. А зэманым ирихьэлIэу Хьэмжум и лагъымыр зытехуа нэмыцэ танкыр мафIэу къигъэлыдащ. ЗэхэфыщIауэ, «лъакъуи» щIэмытыжу жыр абрагъуэр къызэтеувыIащ. Танкым исахэри, лъэсыдзэри лъэрыщIыкI ищIа иужькIэ, Шамхьун и гур фашистхэм ятезэгъауэ жиIащ: «Аращ, нэгъуэщIым мащэ къыхуэфтIрэ - абы фызэрихуэжынур зэвгъащIэ». Апхуэдэу танкищ икъутат ди щIалэ хахуэм.

А зауэм сэлэт куэдым дамыгъэ лъапIэхэр иратащ. АдыгэлI хуэдэу абы хэта ди щIалэм къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр. А дамыгъэм нэхъри иузэщIат Шамхьун икIи къалэн къыщищIырт и ныбжьэгъу хэкIуэдахэм, фызабэ хъуахэм, зеиншэ ящIа сабийхэм къалъыса лейр имыгъэгъуну. Абы щыгъуэ Шамхьун я унэм итха письмом мыпхуэдэу итт: «МазитI хъуауэ Сталинград и гъунэгъуу дыщозауэ. Быдэу си фIэщ мэхъу: дувыIэнукъым, фашист зэрыпхъуакIуэхэр лъэгуажьэмыщхьэу дымыгъэуvауэ, ди ныпыр фашист зэрыпхъуакIуэм я къалащхьэ Берлин щыфIэдмыдзауэ...» ИужькIэ ар щызэуащ ди Хэкум и щIыпIэ куэдым. Къыхуагъэфэщащ орденитIрэ медалитхурэ.

ТекIуэныгъэ иным Шамхьун уIэгъэщым щIэлъу ирихьэлIащ. Абы къикIухьыфыртэкъым. Дохутырхэм къыжраIат шэ къутахуэм зэман кIыхькIэ ар пIэм зэрыхиубыдэнур. Арщхьэкlэ ауэ сытми жаIэркъым: «ГъащIэр зыхуэфIыр ерыщхэрщ». Зауэ нэужьым ар гъэш фермэм и унафэщIу ягъэуващ, «Сэ иджыри щIакъуэ башыр згъэтIылъакъым», - жимыIэу, «Красная Кабарда» колхоз иным и гъэш фермэм щекIуэкI лэжьыгъэ псори къызыхуэтыншэу зэфIэха зэрыхъуным хьэлэлу елIэлIащ, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу. А къалэн мытыншыр илъэс 50-м щIигъукIэ игъэзэщIащ Шамхьун. Колхозыр япэ дыдэу республикэм мелуанырыбжэ щыхъуат, Iэщ лъэпкъыфI зэригъэпэщу, абы хъер къыпихыу щIидзат. Апхуэдэ лэжьыгъэфIхэр къалъытэри, Ленин орденрэ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденымрэ къыхуагъэфэщат Хьэмжум.

Колхозым и фермэ нэхъ ин дыдэм и унафэщI Шамхьун Къущхьэхъу кIуэн ипэ къихуэу председатель Мэлыхъуэ ФуIэд ириджэри жриIащ:

- Иджыри зэ уигу къэзгъэкIыжми, лей хъункъым. Уэ узэрыщыгъуазэщи, колхозым шэмкIэ планыр дгъэзэщIэныр уи фермэращ зэлъытар. Уи лэжьыгъэр къыумыгъэлъэхъшэну дыпщогугъ. Узыхуэныкъуэ щыIэмэ, жыIэ.

- Псори тэмэм сщIыну укъызогъэгугъэ, ауэ Iэщ дохутыр ди гъусамэ арат, щахущIыхьэм деж накIуэ къудей мыхъуу, сыт щыгъуи дгъуэту щыIэну, абыхэм куэд елъытащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ сэри Къущхьэхъу сыкIуэн хуей хъуауэ щытащ. Зэгуэрым Шамхьун гузавэу къызжеIэ псынщIэу Махуэгъэпс мэзым дыкIуэн зэрыхуейр, ди жэмхэм ящыщ зы махуитI лъандэрэ мылъхуэфу щылъти.

Iэдэжу къыздиша шым псынщIэу зездзри, Шамхьун и ужьым ситу мэзымкIэ дунэтIащ. ПщэдджыжьыпэщI, дунейр мэкъуейщIей. КъопщэжыщIыIэр, тIэкIуи къыпеху, пшагъуэ Iув къытрихуам уздэкIуэр хэплъагъукIыркъым. Дынэсащ жэмыр здэщылъ мэз гъунэм. Шамхьун и гъусэм жэмым удэщIэуфэ хуищIауэ, лъхуэну иджыри ныкъуакъуэм толъэщIыхьри бгъэдэсщ. Жэмым къару къызэрыхуэмынэжар нэрылъагъут. Зызгъэхьэзырри шкIэр псэумэ сеплъащ.

- Мыр дауэ, игъащIэкIэ си гугъэнтэкъым апхуэдиз зэманкIэ шкIэ псэуну, нэхъ гъэщIэгъуэныжыр арaщи щхьитI пытщ, - жызоIэ сыгушыIэу, шкIитI къызэрилъхунум шэч къытезмыхьэу.

- Уэлэхьи дыкъэбгъэсыжам, ар зэи къимылъхуфыну аращ зэрыжыпIэмкIэ, - жеIэ Шамхьун сыкъиуфэрэзыхьу.

- Деплъынщ, - жызоIэри, куэдым ямыIэ хиругие Iэмэпсымэхэр къызогъэхьэзыр. Жэмым тIэкIу зыкъищIэжын, къыздэIэпыкъун хуэдэу хущхъуэ хызолъхьэ.

«Гуахъуэ» згъэхьэзырамкIэ шкIэр ипэкIэ согъэкIуатэри, и щхьэмрэ и лъакъуэ щIэупщIахэмрэ хуит къызощIыж, адэкIэ и лъакъуэр субыдри шкIэр къисхащ. ПсынщIэу и щIыфэр соIуэтри, шкIэр къобзуэж. КъыкIэлъыкIуэу аргуэру жэмым сыбгъэдохьэ, етIуанэ шкIэр зэрыщыIэм шэч къытезмыхьэу.

- Сыт аргуэру къэхъуа мыгъуэр? - жеIэ Шамхьун гузавэу.

- Сыт щхьэкIэ, бжесIатэкъэ, щхьитI пытщ жысIэри, - согушыIэ шкIэм зыздезгъэгъазэм.

- Сэ щIыр Iэгупэкlэ къызогъэгъазэ, уэ уогушыIэ, - жиIащ абы, мыарэзыуэ.

ШкIэ етIуанэр къыщисхам, си Шамхьуну плъагъур лъэтэнут, дамэ тетамэ.

- ТIури шкIэбз цIыкIухэщ, и анэм хуэдэу гъэшыфIэ хъунущ. Тхьэм къыпхуигъэхъу, - жызоIэри сохъуэхъу.

Нэху щыуэ, гугъу ехьа жэмым зыкъиужьыжу къэтэджыжыхукIэ, Шамхьунрэ сэрэ абы дыбгъэдэсащ. Колхозыр къутэжыхукIэ дызэдэлэжьати, дызэхуэзэхукIэ абы и гугъу къысхуищIыжу щытащ Шамхьун. А Iуэхугъуэм папщIэ саугъэти къызригъэтауэ щытащ абы.

Колхозым гъэш IэнатIэфI щаухуауэ Лебединскэ жэм лъэпкъыфIу 400 къащэхури (Швиц лъэпкъым хуэдэщ) траубыджат. Абыхэм махуэл дамыхыу лъхуэн щIадзэнут. ПсомкIи зэгурыIуа хуэдэт. Ауэ иджыри куэд лэжьын хуейт. Фермэм и унафэщIу щытынур белджылытэкъым, абы щылэжьэну IэщIыхъуэхэр къыхахатэкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ колхоз председателым къыхилъхьа псалъэмакъыр правленэм и зэхуэсым кърихьэлIа псоми зым хуэдэу даIыгъащ.

- Псори фызэрыщыгъуазэщи, - жиIащ председателым, - къызэгъэпэщакIуэ гъуэзэджэщ, лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъущ еш зымыщIэ Хьэмжур. Ар дывгъэгъэув фермэм и унафэщIу, абы щылэжьэну IэщIыхъуэхэри езым къыхрехыж. ДыкъигъэщIэхъункъым, дызэрыщыгугъым хуэдэу къыщIэкIынщ.

Арати, фермэщIэр къызэрагъэпэщащ, унафэщIри ягъэуващ. Шамхьун и лэжьыгъэнум пэубли кIэухи иIэтэкъым. ЖэмыщIэхэм лъхуэн щIадзат. IэщIыхъуэхэр фермэм яхурикъуртэкъым. Апхуэдэ щытыкIэ ит пэтми, жэмышхэр, Iэхъуэхэр къыхэхыным епIэщIэкIакъым. Гупсэхуу къыхихащ абы фермэм и лэжьакIуэхэр. ИкIи зэман кIэщIым къызэригъэпэщащ гуп зэкъуэт. Гъэш фермэщIэр къыщызэрагъэпэща гъэм абы и лэжьакIуэхэм къалэн зыхуащIыжауэ щытащ дэтхэнэ жэмыщIэми хуэзэу шэ килограмм 3500-рэ къыщIашыну. Ауэ гъэр и кIэм щынэсам социалистическэ зэхьэзэхуэм къриkIуар зэхалъхьэжри, а лэжьыгъэм фIыуэ щIрагъэгъуауэ къыщIэкIащ.

ЩIалэгъуалэм я унэтIакIуэт ар. Яжриlэрт и лэжьыгъэ мытыншым, ауэ щIыхьышхуэ зиIэм и щэхухэр, чэнджэщ яритырт лIыхъужьыгъэ зепхьэн папщIэ щIым и кIэм нэс ущIэкIуэн зэрыщымыIэр.

- Хьэмжум хуэдэ цIыху емызэшыжхэр илъэсищэм зэщ къызэралъхур апхуэдэхэр лэжьыгъэм хуалъхуащ, - жиIэрейт а зэманым колхозым и председателу лэжьа Шыгъэлыгъуэ Мухьэмэд.

А зэманыращ ди Iэщыхъуэ пашэ Хьэмжу Шамхьуни, жэмыш Къаскъул Муслъимэти Лениным и орден лъапIэр къыщыхуагъэфэщар, «КъБАССР-м и жэмыш нэхъыфI» цIэ лъапIэр Гъут Розэ, «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и зоотехник» цIэр Къэбардэ Iэмурбий къыщыфIащахэр. ВДНХ-м и дыщэ, дыжьын медалхэр къыщахьар.

Псэужкъым Хьэмжу Шамхьун, зауэкIэ псыхьар, лэжьыгъэкIэ узэщIар, ауэ къытхуигъэнащ и Хэку дахэм хуэпэжу зэрекIуэкIар. Абы лъэкI къигъэнакъым ди гъащIэр дахэ, бэгъуэн ищIын щхьэкIэ.

ГъащIэм адэкIэ къыпещэ. Къохъухэр бынхэр, къуэрылъхухэр, абы къалъхужахэр. Ауэ гъащIэр апхуэдэу щызу щытынтэкъым ди япэкIэ псэуахэр димыIамэ. Iэщэ яIыгъыу абыхэм ди хуитыныгъэр яхъумауэ щымытамэ, ди къуажэгъу Хьэмжу Шамхьун хуэдэу».

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

● Дамыгъэ лъапIэхэр

Хэку зауэ орденыр

Совет къэралым япэ дыдэу щагъэува зауэ дамыгъэхэм ящыщщ. Орденыр зыхуагъэфэщар дунейм ехыжа нэужь, унагъуэм фэеплъу къыхуагъанэ дамыгъэ закъуэтIакъуэхэм ящыщт. (Жэпуэгъуэ революцэм и орденым, «Анэ-лIыхъужь» орденым, «Анэ щIыхь» орденым и I, II, III нагъыщэхэм я гъусэу ари унагъуэм къранэу щытащ, адрейхэр псори къэралым иратыжырт. Апхуэдэ хабзэр 1977 гъэ пщIондэ къэралым щызекIуащ, адрей орденхэмрэ медалхэмрэ унагъуэхэм къинэ хъуну унафэ къащтэху). Орденыр хуагъэфащэрт Хэкур хъумэнымкIэ хахуагъэ зыгъэлъэгъуа, дзэ операцэхэр ехъулIэныгъэ хэлъу зэфIэха хъун папщIэ, и псэ емыблэжу зэуапIэм лIыгъэ щызезыхьа Дзэ Плъыжьым, Дзэ-Тенджыз Флотым, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ цIыхубэ комитетым (НКВД) и дзэхэм, партизан гупхэм я дзэ пашэхэмрэ зауэлIхэмрэ. Апхуэдэу Хэку зауэ орденымкIэ дзэпакIэ щхьэхуэхэмрэ дзэ зэгухьэныгъэхэмрэ, зауэ хуэIухуэщIэхэмкIэ IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм, заводхэм я цIэр кърaIуэрт.

Дамыгъэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1942 гъэм накъыгъэм и 20-м къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ. Орденым I икIи II нагъыщэхэр иIащ. Сталин Иосиф 1942 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м Дзэ Плъыжьым и зауэ щIыбым и унафэщI генерал-лейтенант Хрулёв Андрей унафэ хуищIат зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэт зауэлIхэм я цIэр къызэрипIуэ хъун дамыгъэм и пэхуэщIэ игъэхьэзыру и пащхьэ кърилъхьэну. Хрулёв Iуэхур зыIутым щигъэгъуэза сурэтыщIхэу Дмитриев Сергейрэ Кузнецов Александрэ махуитIым и кIуэцIкIэ орденым и щапхъэ зыбжанэ ягъэхьэзыращ. Хэплъэжа нэужь, Хэку зауэ орден зыфIаща дамыгъэм игъуэтыну теплъэр Кузнецов Александр и щапхъэм тращIыкIыну, абы тратхэну «Хэку зауэ» псалъэхэр Дмитриев Сергей и пэхуэщIэм къыхахыну унафэ къащтащ.

Орденыр зэрат щIыкIэм епха хабзэхэр, нэхъапэхэм къэмыхъуауэ, нэхъ зэпкърыхащ, ар къызыпэкIуэ лIыгъэ щIагъэхэр нэхъ гъэнэхуащ. Мыхьэнэшхуэ иIэт дамыгъэр зыхуагъэфащэм зыхэт дзэпакIэмрэ дзэ зэгухьэныгъэмрэ я пащхьэ къилъ къалэнхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ къызыкъуиху хахуагъэм, дзэ операцэхэр ехъулIэныгъэ хэлъу зэфIэкIынымкIэ гупым хэту и щхьэкIэ игъэлъагъуэ лIыгъэм, шыIагъэм, жыIэдэIуагъым.

Орденыр дыщэмрэ дыжьынымрэ къыхэщIыкIащ, бзиитху къызыхэкI вагъуэ теплъэ зиIэ дамыгъэщ. Вагъуэмрэ абы мащIэу къишауэ къыхэкI бзийхэмрэ дыжьыным къыхэхащ, налкъут плъыжьым и плъыфэр къызыщIыхьэ лапхъэ ятелъщ. Бзий нэзхэр къэухькIэ къэщIыхьащ. I нагъыщэ зиIэ орденым хэт вагъуэр зи къуапитхур гъэджэфа, дэбзыкI зиIэ, бзиитху къызыхэкI дыщэ вагъуэм и гущIыIум къытелъщ. II нагъыщэ зиIэ дамыгъэм и вагъуэр зи гущIыIу къилъ вагъуэр дыжьыным къыхэщIыкIащ. Дамыгъэм и кум уэрдыхъу тIуащIэ къызыдекIуэкI, зи лъэгур зэфэзэщу джафэ хъурей итщ. IуплъапIэ дыдэм хуэзэу гъубжэмрэ уадэмрэ я теплъэр тетщ. Уэрдыхъу тIуащIэм я зэхуакур лапхъэ хужькIэ щIэгъэнащ, абы къекIуэкIыу хьэрфышхуэ защIэкIэ «ХЭКУ ЗАУЭ» псалъэхэр къыхэIущIыкIащ. ПсалъитIым я къегъэжьапIэмрэ кIэухымрэ я зэхуакум вагъуэ цIыкIу тетщ. Вагъуэм и щIыбагъымкIэ щызэблэдза фочымрэ сэшхуэмрэ я щхьэр къолъагъуэ. Фоч дакъэр и щIагъымкIэ щыIэщ, ижьымкIэ гъэзащ, сэшхуэ убыдыпIэри и щIагъымкIэ щыIэщ, сэмэгумкIэ гъэзащ.

Орденым и щIыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, и нэзхэр къыхэщ къудейуэ уэрдыхъу псыгъуэкIэ къэщIыхьащ, и кум хуэзэу дыжьын мастэкъуаншэ егъэубыдыпIэ иIэщ.

Вагъуэм зэпэщIэту хэт папцIапIэхэм я зэхуакум миллиметр 45-рэ дэлъщ. Орденым и 1 нагъыщэм и хьэлъагъыр грамм 32,34-рэ, 11 нагъыщэм и хьэлъагъыр грамм 28,05-рэ мэхъу.

Хэку зауэ орденыр зауэлI фащэм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ храгъэубыдэ, зыхуагъэфэщам нэгъуэщI дамыгъэхэр иIэмэ, Невский Александр и орденым иужькIэ бжыгъэкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу халъхьэ.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм дамыгъэм и 1 нагъыщэр цIыху 324 903-м, 11 нагъыщэр цIыху 951 652-м иратащ.

ТАБЫЩ Мурат.

● Экономикэ

Сом мелард 11-м щIигъу

2021 - 2024 гъэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ (МСП) къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр къагъэсэбэпу я лэжьыгъэхэм къыхашащ сом мелард 12,5-рэ.

КАВКАЗ Ищхъэрэ щIыналъэхэр зэхэту къэбгъэлъагъуэмэ, а бжыгъэр сом меларди 153,2-рэ мэхъу, абы щыщу сом мелард 45-м щIигъур нэгъабэ закъуэм къащтащ. Дызэрыт илъэсым и япэ мазищым КИФЩI-м и хьэрычэтыщIэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэхэм япкъ иткIэ псоми зэхэту сом мелард 11,5-м щIигъу я лэжьыгъэхэм къыщагъэсэбэпащ.

Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ щыпэрытхэр мин 266-рэ мэхъу икIи илъэсищ ипэкIэ щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 22-кIэ ар нэхъыбэщ. Псори зэхэту абыхэм цIыху мин 446-м щIигъу щолажьэ икIи ар хуэдитхукIэ нэхъыбэщ къэрал IуэхущIапIэ инхэм елъытауэ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу МСП-м хэт IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэхэм къыхаша ахъшэм и Iыхьэ плIанэр инвестицэ унэтIыныгъэхэмкIэ кIуащ. Продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэм, абыхэм елэжьхэм кредиту къащтам проценти 7-кIэ хэхъуащ е сом меларди 7,4-м нэблагъэм нэсащ, хьэпшыпхэр гъэIэпхъуэнымрэ ахэр хъумэнымрэ пыщIа IуэхущIапIэхэм щIыхуэу къащтар хуэдитхукIэ нэхъыбэ хъуащ - сом меларди 3,6-рэ. ХьэщIэщхэр гъэлэжьэным пыщIа бизнесым къыхаша ахъшэр хуэди 100-кIэ нэхъыбэщ е сом мелард 1,66-рэ мэхъу.

2021 - 2024 гъэхэм къриубыдэу къэрал дэIэпыкъуныгъэ хэлъу КИФЩI-м щагъэзэщIащ инвестицэ пэхуэщIэу мин 1,5-рэ е сом мелард 45-м нэблагъэ къагъэсэбэпащ. Илъэс блэкIам Кавказ Ищхъэрэм и хьэрычэтыщIэхэм къэралым и шэсыпIэ фондхэр зыдагъэIэпыкъуу я лэжьыгъэм сом меларди 7,6-рэ къыхашащ. Мы гъэм сом меларди 9-м ар нагъэсыну гугъэхэр щыIэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Мамырыгъэ хуеймэ...

«Украинэм и лъэкIыныгъэр ихъумэжын папщIэ бийрэ зауэрэ хуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр щытыкIэр и нэIэ зэрыщIигъэтын «Iэмэпсымэщ», - апхуэдэ и еплъыкIэр УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъу, Истамбыл щекIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэм Урысейм и лIыкIуэхэм я унафэщIу щыта Мединский Владимир щыжиIащ америкэ журналист Санчес Рик дригъэкIуэкIа псалъэмакъым.

АБЫ къыхигъэщащ Украинэм, Евросоюзым и жыIэм щIэмыту, и къэралым и Iуэхур дэгъэкIыныр япэ иригъэщмэ, псынщIэу икIи лъэныкъуитIри арэзы къищIу зэрызэгурыIуэфынур. «Украинэр мамырыгъэ хуейуэ икIи и щхьэ и унафэ ищIыжу щытамэ, 2022 гъэм мазаем и 28-м Урысей Федерацэм зэгурыIуэныгъэ кърищIылIэфыну щытащ», - жиIащ Мединскэм.

Къэрал унафэщIым и дэIэпыкъуэгъум къызэрилъытэмкIэ, абы щыгъуэм Урысейм къигъэува щытыкIэхэр иджырейхэм нэхърэ нэхъ щабэт. Псалъэм папщIэ, абыхэм ящыщт Украинэр НАТО-м хэмыхьэныр, хамэ къэралхэм я дзэхэр я щIыналъэм щрамыгъэтIысыкIыныр.

ЩIалэгъуалэр хуаунэтI

Урысейм мы махуэхэм щрагъэкIуэкI щIэныгъэм и мыхьэнэр къэIэтыным хуэунэтIауэ «ТекIуэныгъэм и гъуэгугъэлъагъуэ» фестиваль. Ар щIэныгъэмрэ технологиемрэ илъэсипщI пIалъэм къриубыдэу къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр зэфIэхыным хуэунэтIащ.

«Мы IуэхумкIэ мураду зыхуэдгъэувыжащ щIалэгъуалэ зэчиифIэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къыхэшэныр, - жиIащ УФ-м ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI Сиротов Павел. – ЩIэх-щIэхыурэ щIалэгъуалэр щIэныгъэм къыхэмыхьэмэ, абы нэхъ хуэмыщ зэрызиужьынур, абы и лъэныкъуэкIэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэшхуэ яIэу къыдолъытэ. КъищынэмыщIауэ, а унэтIыныгъэм къытхуигъэув къалэнхэр зэфIэхыным къэхутакIуэхэр къыхэшэнымкIи икъукIэ щхьэпэщ.

Фестивалыр хуагъэпсащ ТекIуэныгъэ Иныр, апхуэдэуи атом промышленностыр илъэс 80 зэрырикъум. Абы и къызэгъэпэщакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, мы зэхыхьэр щыIэн хуейщ ди къэралым Хэку зауэшхуэм къыщихьа ТекIуэныгъэм, атом промышленностыр къызэгъэпэщыным совет щIэныгъэлIхэм хуащIа хэлъхьэныгъэм щIалэгъуалэр щыгъэгъуэзэн папщIэ.

НОБЭ

♦ **1939 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Дыщэкl ФатIимэт.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Яжьэжь щIахар къыщIахьэжкIэ хуабэ хъужыркъым.

Уи пщIэр уи Iуэхущlафэрщ

Блэкla лlэщlыгъуэм щlэныгъэр и лъабжьэу полимерхэр япэу джын щlэзыдзахэм ящыщщ физикэ, математикэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик Тхьэкъуахъуэ Руслан. Щэ бжыгъэщ игъэунэхуа къэхутэныгъэхэм тритхыхьыжа лэжьыгъэхэр. ЖьакIуэу щIэныгъэм епха Iуэхухэр къыпхуэзэпкърех, зытета лъагъуэм щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэгъуалэр тригъэувэным щlохъуэпс, щlэ гуэр улъыхъуэн къудейр щlэныгъэрылажьэмкlэ мащlэу къелъытэ. Зэи къэмыхъуауэ ди хэку щрагъэжьэгъа IуэхуфI зыбжанэмкIэ псыпэхэшт, и унафэ щIэту игъэлэжьа щlалэгъуалэм щlыгъуу патент зыбжанэри я Iэрылъхьэщ. Езыр хьэлэлщ, лэжьакIуэшхуэщ, игъащlэми щlэблэущийщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр къатщтэмэ, щIэныгъэр и лъабжьэу полимерхэр япэу джын щlэзыдзахэм уащыщщ, Руслан. А зэманми полимерхэм я пщIэр лъагэу арат?

- 1960 гъэхэращ си еджэгъуэр зыхуэзэр. А зэманхэм полимерыр къэралым кууу къыщагъэсэбэпырт, щаджырт. Ар ди кафедрэми тфIэхьэлэмэт хъуащ. «Контактное плавление металлов» жиIэу къуталамэ зэпыбгъэвэжу Iэмал гуэр щыIэти, ди кафедрэм и унафэщIым - профессор Савинцев Пётр - къыхилъхьащ а Iэмалыр полимерхэми ущелэжькIэ къэбгъэсэбэп хъуну. Апхуэдэу, етIуанэ курсым сыщIэсу, а Iэмалыр джын щIэздзащ. Япэу тщIа лэжьыгъэхэр къыдэхъулIакъым, пцIыр сыткIэ щхьэпэ. ТхуэщIэткъым, полимерым хэтщIыкIыр мащIэти. А зэман дыдэм Москва дэт химие-технологие институтыр къэзыуха, химие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, полимерым елэжь МыкIэтIей Абдулыхь къокIуэж. Абы деж дыкIуащ, дечэнджэщыну, дыздигъэлэжьэну делъэIуну. Ауэ, щымыхъум, унафэ ящIри, си ныбжьэгъу Къардэн Хьэсэн и щIэныгъэм хигъэхъуэну Москва щыIэ къэрал пединститутым физикэмкIэ и кафедрэм ягъакIуэ, илъэс ныкъуэкIэ къотри, къокIуэлIэж. Полимер зыпыгъэвэным теухуауэ къетхьэжьа ди Iуэхур мащIэу кIуэтащ, Хьэсэн щIэныгъэкIэ зэщIэуздадэуэ къигъэзэжа нэужь, ауэ, итIанэми, дызэрыхуейм хуэдэу хъуртэкъым. Абдежым сэри Москва сагъакIуэ, си диплом лэжьыгъэр абы щыстхыну. Куэд дыдэ къыщысщIащ абы. Къызогъэзэжри, МыкIэтIейр, сэ, Къардэныр гуп дыкъызэрогъэхъури, полимерхэм делэжьын щIыдодзэ. Баку къалэм дэт «ВНИИ Олефин»-м зэгурыIуэныгъэ етщIылIауэ дахуэлажьэрти, абы къыдита ахъшэмкIэ Iэмэпсымэхэр къыдощэху, дымыгъуэтыр дэ езым зэпкърыдолъхьэ, лабораторэ къыздогъэпэщри, ди щIэныгъэ лэжьыгъэр доукъуэдий. ЗыбгъэпщкIуауэ, бжэ къуагъым укъуэсу щIэныгъэр пхуэгъэкIуэтэнукъым, Iэмал имыIэу акъыл зэхэдзэ, гуп зэкъуэт щыIэн хуейщ. Гуп дахэ дыкъызэрыгъэхъуат. Ауэрэ 1975 гъэм Москва аспирантурэм сыщыщIэтIысхьэри, илъэсищкIэ сыщеджащ. Лениным и цэкIэ щыIэ библиотекэшхуэм щIэлъ литературэм си гушыкъур тескъутат. Мыбдеж литературэмкIэ гугъу дыщехьырти, си IутIыж махуэу есхьэкIащ а илъэсищыр. Абы сыщыIэурэ, Стецовский Артур, химие щIэныгъэхэмкIэ докторыр, нэIуасэ къысхуэхъуащ, икIи щылажьэ IуэхущIапIэр Iэмэпсымэ гуэр хуэныкъуэти, «схуэщI» жиIэри, къызэлъэIуащ. IуэхущIапIэр щэхут, хамэ дагъэхьэнутэкъыми, Iэмэпсымэр къысхудех, абы тесщIыкIын хуейуэ. Хъунут, пхуэщIынут Стецовскийр зыщIэлъэIуар, ауэ сыаспирантти, зэман сиIэтэкъым. Ауэ щыхъум, Хьэсэн жызоIэ: «Мыпхуэдэ Iуэху щыIэщ. ЗэгурыIуэныгъэкIэ фагъэлэжьэнущ. ФхуэщIынущ ахэр зыхуейр. Дызэрылэжьэну Iэмэпсымэхэр а дэ зэпкърытлъхьахэращ. Къэвгъэхьэрычэт, ауэрэ ди лабораторэр едгъэфIэкIуэнщ». Хьэсэн накIуэщ, псоми щыгъуазэ тщIыщ, зэгурыIуэныгъэм Iэ теддзэри, дызэгурыIуащ Стецовскийр зыщIэупщIэ къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыну Iэмэпсымэр зэпкърытлъхьэу, заводым еттыну, абы и лэжьэкIэри къагурыдгъэIуэну, я цIыху едгъэджэну. Апхуэдэу, «динамический испытатель полимеров»-р Хьэсэн сымэ зэпкъралъхьэри, ахъшэшхуэ къалэжьащ, лабораторэр едгъэфIакIуэри, абы щылэжьэну щIалэгъуалэр ди куэду ди Iуэхур зэтедублауэ щытащ.

- Апхуэдэ лэжьыгъэ зыдэпщIа щIэныгъэлIхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ зэи пщыгъупщэнукъым, сызэригугъэмкIэ...

- ПщIэнтIэпсыр къыппыхуу уздолажьэ. Сыхьэтийм дыбгъэдэувэрти, жэщыбг хъуауэ дыкъызэфIэкIыу арат. Дауи, апхуэдэр щIэхфэх уигу ихуркъым.

- А лэжьыгъэ кIыхьыр, гугъур пфIэгъэщIэгъуэн зыщIынкIэ хъунур сыт?

- Зыгуэр удж, псалъэм папщIэ. А уэ къыхэпха унэтIыныгъэмкIэ сыт хуэдэ литературэ щыIэми щIыбопщытыкI. ПщIондэху нэхъапэм зэи зэхыумыха, умыщIа гуэрхэр къыбогъуэт. ЩакIуэр зыгуэрым зэрещакIуэм хуэдэу, а къэпхута щIэщыгъуэм укIэлъоплъ. Зэи зыри зытемытхыхьа, алъандэрэ дунейм темыта гуэрым уолъыхъуэ.

- Руслан, уи къэхутэныгъэр зэуэ я фIэщ щымыхъуа, ауэ иужькIэ абы къыхуэкIуэжу къыщащтэжа къэхъуа?

- ЩыIащ, дауи. А зэрыжыпIа дыдэм хуэдэу. Сэ ар си гум езгъэжэлIакъым зэи. Сыту жыпIэмэ, щIэныгъэр - зэдауэмрэ зэпеуэмрэ я зэхуаку къыдэкIа пэж курыхщ. Зэманырщ къэзыгъэлъагъуэр хэт щыуами, хэт захуэу щытами.

- Производствэм нэбгъэсыфа къэхутэныгъэ щыIэ?

- Сигу къоуэ, абы сыщынэсым сэ си Iуэхур хуэхъужакъыми. Авиацэ Iэмэпсымэхэр щащIу Саратов завод дэтащ. Абы сыкIуэу унафэщIым сепсэлъэн хуейуэ, зыгуэрхэр зэхуэмыхъуу, къызэтеувыIат. Щхьэри лэжьэнущ, гупсысэри къыпхуэкIуэнущ, ауэ уэ уэмылъыта Iуэхугъуэ гуэрхэм я зэранкIэ уи гурылъхэр къыщомыхъулIэм деж уи жагъуэ мыхъуу къанэркъым. Абы щыгъуэ сIэщIэкIар лэжьыгъэшхуэт, лэжьыгъэфIт.

- Си бынхэр си ужь изгъэуващэрэт, щIэныгъэм хыхьащэрэт жыпIэрэ?

- Ауэ сытми сахуэхъуапсэрэт, схуиувакъым армыхъумэ. ЩIалэрэ хъыджэбзрэ диIэти, тIуми аспирантурэр къаухащ, зыр физикщ, адрейр дохутырщ.

- Улэжьэху урихьэлIагъэнщ а нэхъ узыщыгугъа аспирантхэр, магистратурэр къэзыухахэр адэкIэ щIэныгъэм пхудемыгъэхьэхыу Iуэхум щыхэкIыж.

- ЩыIащ апхуэди. Аспиранту 15 згъэхьэзырати, 3-р физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ, 3-р уз зэрыцIалэ къэхъеям техуэри, кандидат лэжьыгъэр яхуэмыгъэзэщIэу зэманыр къэсри, щIэмыкIыу хъуакъым. 9 къэнар, зыхуэныкъуэ псори я пащхьэ илъми, щIэныгъэлIым къилэжь улахуэ мащIэмкIэ унагъуэ зэрахуэмыухуэнур щхьэусыгъуэ ящIри, алъандэрэ зыхуеджар IэщIыб ящIащ. Схуэгъэкъуэншэнукъым. Уи гум, уи псэм фIэфIми, уи IэщIагъэм уимыпIыфынумэ, лажьэ жыпIэу цIыхур пхухэгъэзэзыхьыркъым.

- Руслан, полимер зыхэмылъ зыгуэр ящIыжу пIэрэ нобэ?

- Гугъущ къэбгъуэтыну... Псори абы хуэкIуэжащ.

- Биополимерхэр езыр-езырурэ дунейм хэшыпсыхьыжу сощIэ. Ауэ полимер IэрыщIхэм я Iуэхур дауэ щыт?

- Ар хьэфэ е пластмассэ ирехъу - ахэр псори полимерхэкIхэщ, дызэрыщыгъуазэщи. ДимыIэуи хъуркъым, диIэми - гъэкIуэдыжыгъуэм гугъу удохь. Пэжщ, щыIэщ етIуанэуи, ещанэуи къагъэсэбэпыф. Ауэ абыи уелэжьыжын хуейщ, къару, зэман, мылъку текIуадэу. КIэрыхубжьэрыхуу къалъытэу хыфIадзэхэр илъэсищэ бжыгъэкIэ мыткIужу щыым хэлъщ. Ди республикэ цIыкIум зы махуэ къэмынэу тонн 20 нэблагъэ кIэрыхубжьэрыхуу хыфIадзэ, производствэм ейр хэмыту: пакет жыпIэми, пластмасс зэкIуэцIылъ жыпIэми.

- ЦIыхум ищIэр зэрымыхъумыщIэр къыгурыIуэ пэтми, щхьэ хыфIадзэрэ къагъэсэбэпауэ зыхуэмеижыр? Курыт еджапIэм и япэ классым къыщегъэжьауэ егъэджакIуэхэр яхутопсэлъыхь апхуэдэу пщIэ зэрымыхъунум...

- Нэхъ къызэрыгуэкI дыдэр къэтхынщ щапхъэу. Псалъэм папщIэ, сабийр уэрамым ирокIуэ, зыгуэр ишхыу. Шхын иуха нэужь, ерыскъыр зыкIуэцIылъа тхылъымпIэпсыр хыфIедзэ. Псори къыщежьэжыр щэнхабзэм, гъэсэныгъэм дежщ. Апхуэдэу пщIэ зэрымыхъунур адэ-анэм къыжраIатэмэ, сабийм къызридзэкIынутэкъым ар. Ди гуапэ зэрыхъунщи, уэрамыщхьэхэм кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэхэр тетщ, дыкъэзыхъуреихь дунейр дахэщ, екIущ, зыхуей хуэгъэзащ, ауэ куэдым гъэсэныгъэ яхэлъкъым. Аращ псори зэлъытыжар.

ФЫРЭ Анфисэ.

Фэеплъым и шэху уэздыгъэхэр

Урысей щIэныгъэм лъагъуэ бгъуфIэ щыпхызышыгъа академик цIэрыIуэ Лихачёв Дмитрий зэгуэр жиIэгъат: «ЦIыхум фIэщхъуныгъэ имыIэми Iуэхушхуэкъым, ар къыппиубыду къэмыув къудеймэ. ФIэщхъуныгъэ зиIэ цIыхур зэпымычу мэгупсысэ - къыхиха гъуэгум ироплъэ, ар захуэрэ пхэнжрэ зэрегъэзахуэ, езым, къыщIэхъуэ щIэблэм, и хъуреягъкIэ щытхэм къахуихьынур зэпелъыт. Си еплъыкIэкIэ фIэщхъуныгъэ зимыIэм хузэфIэкIынур куэдкIэ нэхъыбэщ ар зыбгъэдэлъым нэхърэ. Иужьрейхэр къэзыгъэувыIэ щыIэмэ, ипэрейхэм куэдым иракуфынущ. Арагъэнущ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр жэрдэмщIакIуэу щIыщытыр, абыхэм къыхалъхьэ Iуэхугъуэхэм фIым урагъэгупсысу, блэкIам ухурагъэплъэкIыжу, пщэдейрей махуэхэм къыщепсыну дыгъэм ухуагъэпабгъэу щIыщытыр. ФIэщыхъуныгъэр жэрдэм дахэхэм епхащ, сыту жыпIэмэ щIэблэм ирагъэлъагъу дахагъэм гущIэм увыIэпIэ гуэр щеубыдри, ар къызэрыбдэхъунымкIэ, япэрауэ, гугъэ уегъэщI, етIуанэрауэ, къыбдэхъумэ, зи фIыщIэ КъэгъэщIакIуэр уигу къегъэкIыж». Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и зы зэIущIэм Лихачев Дмитрий къыщыжиIа мы псалъэхэр хуэгъэзат Хэку зауэшхуэм и фэеплъыр хъумэным теухуат япэ дыдэу къыхалъхьауэ щыта жэрдэм гуэрым щхьэкIэ.

Дэри щIэныгъэлIым и псалъэхэр дигу къыщIэкIыжар зэры-Урысейуэ щекIуэкIыну Iуэхугъуэ дахэрщ, «Фэеплъым и шэху уэздыгъэ» зыфIаща пэхуэщIэ щIагъуэрщ. Жэрдэмым ипкъ иткIэ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэда щIалэхэм щхьэкIэ интернетым къыщызэIуаха напэкIуэцIым езым и шэху уэздыгъэ щигъэувыфынущ мэкъуауэгъуэм и 22 пщIондэ.

Илъэс 84-рэ хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, ди адэжьхэмрэ анэжьхэмрэ я гущIэр зыгъэзэджызджа, къэрал псор илъэсиплI енкIэ лъыгъажэм хэзыдза Хэку зауэшхуэм щIидзащ. ЦIыху мелуан 27-м я гъащIэр ихьащ а зауэ угъурсызым, ар зылъэмыIэсауэ зы унагъуи къэралышхуэм исакъым. Къэралым и тхыдэм къыщымыувыIэу, лъэпкъ къэс я щIэжым къыхэна а зауэм дуней лъагъуэри, зэхэтыкIэри, зэхущытыкIэри фIыуэ ихъуэжащ. ЦIыхум и гъащIэм иIэ лъапIэныгъэм пудыныгъэ къезыт Iуэху зыри зэрыщымыIэр псоми хьэкъ ящищIащ, узэкъуэтмэ, жылэм ифI зыхэлъ Iуэху щхьэпэхэм узэришалIэмэ, къыптекIуэн зэрыщымыIэр цIыхубэм я фIэщ ищIащ. IэпхъуамбэжьакIэр узмэ, Iэпкълъэпкъ псори егъэгуауэщхьэуэ. Сыт хуэдиз унагъуэ ихьа зауэжьым, дапхуэдиз цIыху игъэкIуэда!? КъэлъытэгъуейщI, нэгум къыщIэгъэувэгъуейщ. Адыгэхэм хуэдэ лъэпкъ мащIэхэм хэщIыныгъэшхуэ къахуихьащ зауэм, унагъуэ мыхъуауэ мин бжыгъэкIэ щIалэщIэхэр зэуапIэм ихьэри, нэхъыбэм къагъэзэжакъым - дауэ ар зэрыпщыгъупщэнур, дапхуэдэу абыхэм я фэеплъыр фагъуэ зэрыпщIынур?! ЩыIэн хуейкъым апхуэдэ къару...

Иужьрей илъэситхум къыхалъхьэ жэрдэм щIагъуэм цIыху куэд зэрегъэувалIэ, гъунэгъу зэхуещI. Къэралым зы къали, къуажи, жыли иткъым Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ скъар зыдэмыт, гъэ къэс екIуалIэурэ пэкIухэр зыщамыщI. Абыхэм екIуалIэхэм я бжыгъэм хэхъуэми, жэрдэмщIакIуэхэм игъуэу къалъытащ пэIудзауэ апхуэдэ Iуэхугъуэр ебгъэкIуэкIмэ, зи гъащIэр интернетым епха куэд, щIалэгъуалэри яхэту, гукъэкIым къришэлIэну, абы и мыхьэнэр захригъэщIэну.

Iуэхугъуэ дахэр «ЛIэужьхэм я фэеплъ» («Память поколений») псапащIэ фондым къыхилъхьат, пандемием къихьа уз зэрыцIалэм цIыхухэр унэм щыщIиубыдэм, фэеплъхэр зэрахъумэн зы Iэмалу. КъызэгъэпэщакIуэхэм я гуращэ дахэр къайхъулIат, унэм щIэсми, цIыхухэр жылагъуэ жэрдэмхэм хыхьэфырт, я гупсысэхэмкIэ зэдэгуэшэфырт. КъызэгъэпэщакIуэхэм интернетым къыщызэIуахащ деньпамяти.рф фIэщыгъэр зиIэ напэкIуэцI. Абы хэти хыхьэфынущ, езым и шэху уэздыгъи щигъэувыфынущ. Зы шэху уэздыгъэ ягъэувыху зыгъэувам и бжыгъэр къэзыгъэлъагъуэ пщалъэм къредзэ. Апхуэдэу мы напэкIуэцIым итщ Хэку зауэшхуэм теухуауэ видеотеплъэгъуэ 60-м щIигъу, зауэ гъуэгуанэр къэзыкIуа нэхъыжьыфIхэм, зауэ щIыбым щыIахэм, гъэрэщхэм исахэм я гукъэкIыжхэр къагъэлъагъуэу, Хэку зауэшхуэм и тхыдэр къаIуатэу.

«Фэеплъым и шэху уэздыгъэ» Iуэхугъуэ дахэм хыхьэныр мамырыгъэм щIэкъу, зауэм и бий дэтхэнэми и къалэну къытщохъу. ЦIыху нэхъыбэ Iуэхум хыхьэху, жылэр зы гуращэм гъунэгъу зэрызэхуищIыр наIуэ мэхъу. ЦIыхухэр дыщIыщыIэр ди щIэблэм я пщэдейрей махуэхэм къепсыну дыгъэм щхьэкIэщ, къызэранэкIа дыгъуасэрей махуэхэм хэлъ щыуагъэхэхэр дузэхужын папщIэщ.

ТАБЫЩ Мурат.

Хуэхьэзыру IуощIэ

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм къаIэрыхьащ техникэщIэ лъэщу 71-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яIам нэхърэ 5-кIэ ар нэхъыбэщ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, республикэм и мэкъумэшыщIэхэм нэхъыбэу къащэхур Минск къалэм и трактор заводым къыщыщIагъэкIахэрщ. Мы гъэм ахэр 56-рэ мэхъу. Гуэдзыр зэрыIуахыж комбайни 5-м щыщу 4-р «Ростсельмаш» заводым щызэпкъралъхьащ.

Республикэм щыпащэ губгъуэхэр щызэрахьэкIэ къагъэсэбэп нэгъуэщI мэкъумэш техникэхэри къэщэхуным. Министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, мы зэманым ирихьэлIэу IуэхущIапIэ псори хуэхьэзырщ гъавэ Iухыжыгъуэм, зыхуэфащэ техникэхэр зэрагъэпэщыжащ, губгъуэм зэрихьэнум сыткIи хуэщIащ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

БлэкIам и тхыдэм фыхэплъэжынумэ...

Илъэс зэблэкIахэм къыдагъэкIа хьэпшып гъэщIэгъуэнхэм икIи гъуэтыгъуейхэм я гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкIэ Налшык щрагъэкIуэкIынущ. Ар къызэрегъэпэщ КъБР-м и Коллекционерхэм я зэгухьэныгъэм икIи республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ абы хэтыну ирагъэблагъэ.

АБДЕЖ щагъэлъэгъуэнущ ахъшэ зэмылIэужьыгъуэхэр, бгъэхэIу дамыгъэхэр, жьы хъуа машинкэхэр, хьэкъущыкъухэр, радиотехникэхэр, зэрыджэгу хьэпшыпхэр, нэгъуэщI куэди. Илъэс зэхуэмыдэхэм я нэпкъыжьэ зытелъ хьэпшыпхэм блэкIам и тхыдэм ухагъэплъэжынущ.

ЗэIущIэр мэкъуауэгъуэм и 12-м ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм («Спартак-Налшык» стадионым ухуэплъэу) щекIуэкIынущ. Коллекционерхэр къывэжьэнущ сыхьэти 8-м щегъэжьауэ 16 пщIондэ.

КЪУЩХЬЭ Назар.

Анэдэлъхубзэм и макъыр жыжьэ зыгъэIу зэпеуэ

Зи гупэр анэдэлъхубзэм хуэгъэзахэм яхэту къыщIэкIынкъым абы и Iуэху зыIутым щыгъуазэу и пщэдейрей махуэхэр къызэрыхущIэкIынум иримыгумэщI. Арагъэнущ жылагъуэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм абы хуаIэ щытыкIэр нэхъыфI щIыным хуэунэтIауэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIрагъэкIуэкIыр. КъыдэкIуэтей щIэблэр адыгэбзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ дегъэхьэхын папщIэ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм пэхуэщIэ 12-м илъэс 20-м щIигъуауэ къызэрегъэпэщ, адыгэбзэр зи IэщIагъэ егъэджакIуэхэм ядолажьэ, адэ-анэхэмрэ адэшхуэ-анэшхуэхэмрэ яIуощIэ. Языхэзри адыгэбзэр зэрыт щытыкIэ гугъум къишыным, хуэфащэ увыпIэр жылагъуэм щегъэгъуэтыжыным хуэгъэзащ.

ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэ

АДЫГЭБЗЭ Хасэм къыхилъхьэ жэрдэмхэр зыдэлэжьэну еджакIуэхэм я ныбжьым елъытауэ зэщхьэщыхащ. Мыбы ирегъэкIуэкI зи еджапIэ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIу дыдэхэм папщIэ «ЦIыкIураш» зыфIища гъэлъэгъуэныгъэр, 5 - 8-нэ классхэм щIэсхэм хузэхалъха «Iуэрсэр» тхыгъэеджэр, 9 - 11-нэ классхэм щеджэхэм папщIэ «ЩIэнхабзэЛъахэ» щIэныгъэ зэхьэзэхуэр», «Джэгурэш», «Жыжьаплъэ», «Джэрпэджэж», «ЛIакъуэеджэ», егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ папщIэ тхылъеджэ зэхуэсхэр, усэ пшыхьхэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ зы пэхуэщIэщ Адыгэбзэ Хасэм и илъэс лэжьыгъэр иджыблагъэ зэрызыхуищIыжа «Усэпсэ» хэгъэгупсо зэпеуэри.

ПэхуэщIэр дызэрыт илъэсым ебланэу екIуэкIащ. 1 - 4-нэ классхэм папщIэ зэхаша а зэпеуэр хуэунэтIащ пэщIэдзэ классхэм щIэс цIыкIухэм адыгэбзэм я бзэр хуэкъутауэ къэгъэхъуным, ахэр адыгэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм дегъэхьэхыным, лъэпкъ усыгъэм и IэфIыпIэр зыхегъэщIэным, нэхъыщхьэращи, сабийр и унагъуэм нэхъри пэгъунэгъу щIыным икIи цIыхугъэм епха лъапIэныгъэхэм пщIэ хуищIу къэгъэтэджыным. Зэпеуэр зэрекIуэкIар пэIудзауэщ. Ауэ, нэхъыщхьэу къыхэгъэщын хуейр араща, зэхьэзэхуэм хэта сабийхэм я интернет-утыкум егъэджакIуэхэри, адэ-анэхэри, адэшхуэ-анэшхуэхэри зэгъусэу итащ, унагъуэ зэрыIыгъымрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я фIагъыр къызыхэщ гъэщIэгъуэн куэд къагъэлъэгъуащ.

Усэ еджэнымкIэ зэпеуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщежьами, ар куэд щIауэ щокIуэкI гъунэгъу адыгэ щIыналъэхэми. Апхуэдэу ар пIалъэ хэхам тету къыщызэрагъэпэщ Къэрэшей-Шэрджэсым, илъэсым къриубыдэу зэ щызэхашэ Адыгейм. Зэпеуэм къыхохьэ Краснодар икIи Ставрополь щIыналъэхэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыпсэу адыгэ ныбжьыщIэхэр. Iуэхум зэрызиубгъум елъытауэ, ущыгугъ хъунущ Шапсыгъым, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэри зэпеуэм унагъуэкIэ къыхыхьэну.

Зэпеуэм къыхыхьэхэм я бжыгъэм илъэс къэс хохъуэ. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зэныкъуэкъум хэтащ ныбжьыщIэ 80-м нэблагъэ. Къыхэгъэщын хуейщ дэтхэнэ видео-зыкъэгъэлъэгъуэныгъэми щIэщыгъуагъэрэ хьэлэмэтагърэ зэрыхэлъар. Адыгэбзэ Хасэм и гуращэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ адыгэбзэм и хъумэныр унагъуэм къызэрыщежьэр, абдеж щызумыхьэ икIи щумыгъэлъапIэ бзэм гъуэгушхуэ зэримыкIунур ныбжькIэ щIалэ адэ-анэхэм ягуригъэIуэну. Зэпеуэм хэта адэ-анэхэм я пщэм дэлъ хьэкъыр зыдащIэжу къыдгурыIуащ, дыщогугъ абыхэм я щапхъэм нэгъуэщIхэри ирикIуэну.

Сыт хуэдиз гукъыдэж зэхьэзэхуэм хэтахэм КъэпщытакIуэ гупым къаримытами, зэпеуэ жыпхъэм ит Iуэхугъуэр хабзэ пыухыкIахэм ирогъуазэ, къэгъэлъэгъуэныгъэхэр щыIэ мардэхэм зэрытетым хоплъэ, фIым я фIыжхэр къэгъэлъэгъуэн хуейуэ хьэкъ и пщэ дэлъщ. Дэри ди гуапэу а лэжьыгъэм кърикIуахэр «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ идолъхьэ.

Къэгъэлъэгъуэн хуейщ зэпеуэм къыхэжаныкIахэр къэпщытакIуэхэм класс къэс гуп щхьэхуэщхьэхуэу зэрызэщхьэщагъэкIар.

1-нэ классым щIэсхэм я деж щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ мыпхуэдэу зэхагъэкIащ:

Япэ увыпIэр хуагъэфэщащ ХьэцIыкIу Сэлим (ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт прогимназие - зыгъэхьэзырар Жолдащ Ленэщ).

ЕтIуанэ увыпIэр зэдагуэшащ МацIыхъу Алихъанрэ (Куба дэт курыт еджапIэ №1 - зыгъэхьэзырар Къэнэмэт Луизэщ) Шыдакъ Данэрэ (Инарыкъуей дэт, Пэнагуэ Азэмэтджэрий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ - зыгъэхьэзырар Хьэрэдурэ Эммэщ).

Ещанэ увыпIэр иратащ Къущхьэ Салим (Кыщпэк дэт, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ - зыгъэхьэзырар Балъкъэр ФатIимэщ), ПщыхьэщIэ Муртаз (Къулькъужын Ищхъэрэ дэт курыт еджапIэ №4 - зыгъэхьэзырар Гъуэтыж Маринэщ), Мэремыкъуэ Дианэ (Зеикъуэ дэт курыт еджапIэ №4 - зыгъэхьэзырар Хьаир Лианэщ) сымэ.

«**Унагъуэ гумащIэ**» унэтIыныгъэм екIуу зыкъыщигъэлъэгъуащ ПщыхьэщIэ Камиллэ (Къулькъужын Ищхъэрэ дэт курыт еджапIэ №4 - зыгъэхьэзырар Гъуэтыж Маринэщ).

«**Зи адыгэбзэр бзэрабзэ**» унэтIыныгъэм къыщыхэжаныкIащ Аслъэныкъуэ Ислъам (Куба дэт курыт еджапIэ №1 - зыгъэхьэзырар Къэнэмэт Луизэщ).

2-нэ классым щеджэхэм къахэжаныкIащ:

Япэ увыпIэр ихьащ Къазий Аделинэ (Плановскэ дэт, Къыз КIэбон и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №2 - зыгъэхьэзырар ХьэпащIэ Iэсиятщ).

ЕтIуанэ увыпIэр зэдагуэшащ Гуэз Амалэрэ (Ислъэмей дэт курыт еджапIэ №4 - зыгъэхьэзырар Елмэс Аксарэщ) Хьэжы Мединэрэ (Малкэ дэт курыт еджапIэ №2 - зыгъэхьэзырар Мэржэхъу Мариещ).

Ещанэ увыпIэр къэпщытакIуэхэм иратащ Пагуэ Алим, ГъукIакъуэ Дарьянэ (Урожайнэ дэт, Бэрэгъун Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ - зыгъэхьэзырар Мэкъуауэ Люсенэщ), Тхьэгъэпсэу Имран (Шэджэм къалэм дэт, Дэбагъуэ Барэсбий и цIэр зезыхьэ, дерс щхьэхуэхэр кууэ щрагъэдж курыт еджапIэ №1 - зыгъэхьэзырар Тумэ Заретэщ).

«**Зи усэбзэр бзэрабзэ**» унэтIыныгъэр хуагъэфэщащ Къэбардэ Сумая (Ислъэмей къуажэ дэт курыт еджапIэ №4 - зыгъэхьэзырар Елмэс Аксарэщ).

«**Гурыхуэ цIыкIу**» унэтIыныгъэм екIуу зыкъыщигъэлъэгъуащ Къэжэр Дамир (Ислъэмей дэт курыт еджапIэ №2 - зыгъэхьэзырар КъущхьэлIокъуэ Анжелэщ).

«**Зи адыгэбзэр бзэрабзэ**» унэтIыныгъэм къыщыхэщащ ЦыкIыщ Артем (Тэрч къалэм дэт курыт еджапIэ №2 - зыгъэхьэзырар ДыщэкI Анетэщ).

3-нэ классым щеджэхэм ящыщу къыхэщащ:

Гран-прир хуагъэфэщащ Хьэвэящхьэ Ясминэ (Псыгуэнсу дэт курыт еджапIэ №1 - зыгъэхьэзырар Балъкъыз Аксиянщ).

Япэ увыпIэр ихьащ Урыс Каринэ (Ислъэмей дэт курыт еджапIэ №1 - зыгъэхьэзырар Урыс Лерэщ).

ЕтIуанэ увыпIэр зэдагуэшащ Иуан Каринэрэ (Старэ Шэрэдж дэт курыт еджапIэ №2 - зыгъэхьэзырар Иуан Мадинэщ) Имам Айданэрэ (Ислъэмей къуажэ дэт курыт еджапIэ №1 - зыгъэхьэзырар Урыс Лерэщ).

Ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Чэртыгъуэн Давид (Шэджэм къалэм дэт курыт еджапIэ №5 - зыгъэхьэзырар КIурашын ФатIимэщ), Iэюб Анелэ (Ислъэмей дэт курыт еджапIэ №3 - зыгъэхьэзырар Гындыгъу Ларисэщ.), Бэрэздж Камилэ (Ислъэмей дэт курыт еджапIэ №4 - зыгъэхьэзырар Къундет Рузанэщ) сымэщ.

«**Зи адыгэбзэр бзэрабзэ**» унэтIыныгъэм къыщыхэщащ Мэремщауэ ФатIимэ (Налшык къалэм дэт «Лэгъупыкъу» гимназие - зыгъэхьэзырар Шэрыб Маринэщ).

«**Гурыхуэ цIыкIу**» унэтIыныгъэм къыщыхэжаныкIащ Щэуей Амелинэ (Шэджэм къалэм дэт курыт еджапIэ №5 - зыгъэхьэзырар КIурашын ФатIимэщ).

«**Унагъуэ гумащIэ**» унэтIыныгъэм дахэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Ерыджокъуэ Муслъим (Ислъэмей дэт курыт еджапIэ №4 - зыгъэхьэзырар Къундет Рузанэщ).

4-нэ классым щеджэхэм ящыщу нэхъыфIу къалъытащ:

Япэ увыпIэр хуагъэфэщащ Емкъуж Ясинэ (Урожайнэ дэт, Бэрэгъун Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ - зыгъэхьэзырар Беслъэней ФатIимэщ).

ЕтIуанэ увыпIэр зэдагуэшащ Балъкъэр Тамилэрэ (Кыщпэк дэт, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ - зыгъэхьэзырар Балъкъэр Людмилэщ) Хъущт Амалиерэ (Урожайнэ дэт, Бэрэгъун Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ - зыгъэхьэзырар Беслъэней ФатIимэщ).

Ещанэ увыпIэр иратащ Алимжан Даянэ (Налшык къалэ дэт курыт гимназие №4 - зыгъэхьэзырар Къумахуэ Маринэщ), Нэгей Аурикэ (Урожайнэ дэт, Бэрэгъун Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ - зыгъэхьэзырар Беслъэней ФатIимэщ), Абрэдж Ясинэ (Къэсейхьэблэ къуажэ дэт, пэщIэдзэ еджапIэмрэ сабий гъэсапIэмрэ щызэхэт IуэхущIапIэ - зыгъэхьэзырар Абрэдж Ларисэщ) сымэ.

«**Зи бзэр нахуэ**» унэтIыныгъэм къыщыхэщащ Алмэ Марат (Налшык къалэм дэт, Къудащ Елбэздыкъуэ и цIэр зезыхьэ зезыхьэ гимназие №14 - зыгъэхьэзырар Елбэрд Ирэщ).

«**Унагъуэ гумащIэ**» унэтIыныгъэм дахэу къыщыхэщащ IэрэмысэЭмилие (Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №4 - зыгъэхьэзырар Къумахуэ Маринэщ).

Адыгэбзэ Хасэми КъэпщытакIуэ гупми хэтхэр арэзы техъуащ екIуэкIа лэжьыгъэм, еджакIуэхэми, адэ-анэхэми, адэшхуэ-анэшхуэхэми, егъэджакIуэхэми Iуэхушхуэ къызэрырахьэлIам, унагъуэ зэрыIыгъым и щапхъэ дахэр къатещу пэхуэщIэм зэрыхэтар къыхагъэщащ. Зэпеуэм хэтахэм псоми фIыщIэ ин яхудощI, унагъуэхэр зэдэузыншэну, цIыкIухэр ехъулIэну, егъэджакIуэхэр я IэдакъэщIэкI и шхыгъуэ ихуэу узыншэу псэуну ди гуапэщ.

Тхыгъэри сурэтри **ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*

Процентиблым щIигъукIэ хохъуэ

IэнатIэ къэзылъыхъуэхэмрэ лэжьакIуэ хуэныкъуэхэмрэ ехьэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ щытыкIэр иужьрей илъэсхэм ефIакIуэ зэпытщ, цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ ди щIыналъэм щрагъэкIуэкI къэрал политикэм, инфраструктурэмрэ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьыным хуэгъэзауэ IэмалыщIэхэр къызэрыхалъхьэм, нэгъуэщIхэми я фIыгъэкIэ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм ар щыжиIауэ щытащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, 2025 гъэм и япэ мазищым кърикубыдэу республикэм и экономикэ IэнатIэхэм пэрытхэм я бжыгъэм процентI 7,1-кIэ хэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ икIи ар цIыху мин 433,9-рэ хъуащ. Республикэм щыпсэухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуар къэбгъэлъагъуэмэ, цIыхуу ди деж щыпсэумрэ абы щыщу зи ныбжьыр илъэс 15-м къыщыщIэдзауэ 74-м нэсыху хъухэм я бжыгъэмрэ зэпэплъытмэ, процент 60,1-кIэ ар зэщхьэщокI.

Къапщытэж пIалъэм кърикубыдэу лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр хуэдэ 1,9-кIэ ягъэмэщIащ икIи цIыху мин 20,2-рэ хъуащ е IэнатIэ пэрытхэм я процентI 4,4-рэ. Илъэс пIалъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, республикэм лэжьапIэншэу щатхым и куэдагъым къызэрыхэхъуэр процент 0,4-рэщ. Ди щIыналъэм цIыхухэм лэжьапIэхэр къахуэзыгъуэт IуэхущIапIэхэм щатхахэр нобэкIэ мин 1,9-рэ мэхъу икIи ар хуэдитIкIэ нэхъ мащIэщ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Режиссёр лъэужьыфIэт

УФ-м и цIыхубэ артист, режиссёр цIэрыIуэ, республикэм и щэнхабзэмрэ театр гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Ерчэн Леонид къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.



Фэеплъ

Абы и гугъу щащIкIэ, и щхьэгъусэ Казими ящыгъупщэркъым, ари актрисэ гъуэзэджэу щытащи. Леонид Вишневскэм и «Оптимистическая трагедия» тхыгъэм къытрищIыкIа спектаклым Казимэ Iэзэу зэрыщыджэгуар театр тхыдэм щыщ Iыхьэ хъуащ.

ЗИ IЭЩIАГЪЭМ хуэIэижь режиссёрт ар. ШэрыIужь Анатолэ, Къардэн Хьэсэн, Балэ Мухьэдин, Шумахуэ Владимир, Ерчэн Леонид, сымэ къаруушхуэ ирахьэлIащ Музыкэ театрыр къызэIухыным. Ерчэным дапщэщи гулъытэ лей яхуищIырт ди тхакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкI пьесэхэм икIи абыхэм къатрищIыкI лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр лъэпкъ театрым щигъэувырт. Шортэн Аскэрбий итхауэ Леонид игъэуваўэ щыта «ХьэкIуэкIунэ» спектаклым къыхэщат а зэманыр зыхуэдар, ныкъусаныгъэу хэлъахэр. Апхуэдэу абы игъэуващ «Дахэнагъуэ», «Лашын», «Къызбрун», «Мадинэ» спектаклхэр, нэгъуэщI куэди. Псом хуэмыдэу иужьрей лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкIи гукъинэжу къехъулIат икIи щIэупщIэшхуэ иIэу илъэс куэдкIэ ягъэлъэгъуащ. «Мадинэ» спектаклыр Леонид Музыкэ театрми щигъэуват, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр и либреттэр и лъабжьэу (абы и музыкэр ятхат Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ). Режиссурэ и лъэныкъуэкIэ Iэзэу а спектаклыр Леонид къехъулIат, нэхъыщхьэуи абы къыхигъэщат адыгэм я хабзэр, нэмысыр, гъэсэныгъэр, акъылыр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а зэманым щыIакъым спектаклхэм видео зэрытрах Iэмэпсымэхэр. Абы къыхэкIыу Ерчэным и лэжьыгъэхэр хъума зэрымыхъуар гущIыхьэщ. Шэч хэлътэкъым и Iуэху бгъэдыхьэкIэр режиссёр ныбжьыщIэхэм сэбэп яхуэхъуфыну зэрыщытам.

Спектаклым къыщыхъу Iуэхугъуэхэр щекIуэкIа зэманым ухашэжырт сценэр къызэрызэгъэпэщамрэ лIыхъужьхэм я фэилъхьэгъуэхэмрэ. Мадинэ и ролыр зыгъэзэщIар Бэгъуэтыж Светланэщ, Дадусэр (Мадинэ и анэр) КIуащ Верэт. Заур и ролыр ягъэзэщIащ тенор лъэщхэу Бэрэгъун Владимиррэ Жылокъуэ Мухьэмэдинрэ.

Ерчэныр Музыкэ, Къэбэрдей, Балъкъэр, Урыс театрхэм ядэлэжьащ, дэтхэнэми и утыкум щигъэуващ спектакль гукъинэжхэр. Апхуэдэт Толстойм итха «Власть тьмы» пьесэм абы къытрищIыкIар. А лэжьыгъэр куэдым ягу дыхьауэ икIи фIыщIэшхуэ къыхуащIауэ щытащ. Ерчэным къыхуагъэфэщат режиссер Iэзэу щыта Поповым и цIэкIэ къыдагъэкIа орденыр. Абы къигъэлъагъуэрт режиссёрым и гуащIэм къэрал псом пщIэ къызэрыщыхуащIыр.

Музыкэ театрым Ерчэным щигъэувахэм ящыщщ «Искатели жемчуга» спектаклри. ЦIыхухэм ягу дыхьэрт абы и утыку кърихьэ и дэтхэнэ лэжьыгъэри. ФIы дыдэу къехъулIат «ЩIэблэщIэ гвардие», «Хъанумэ» спектаклхэр.

Ерчэн Леонид пщIэшхуэ яхуищIырт ар зыдэлэжьахэу зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъа, Къэбэрдей театрым и лъабжьэр зыгъэтIылъа нэхъыжьхэу ТIыхъужь Алий, ДыщэкI КIунэ, Тубай Мухьэмэд, Балъкъэр Калисэ, Шортэн Даниткэ, Атэлыкъ Хьэзрэт, Шэрий Азрум, Къардэн ХьэкIуцэ сымэ. А нэхъыжьхэм я зэхущытыкIэ дахэхэр нобэ утыку ит артистхэм я щапхъэщ. Абыхэм я гуащIэ хэлъщ адыгэ театр гъуазджэр зэрызэфIэувамрэ зэрызиужьамрэ анэдэлъхубзэр хъума зэрыхъуамрэ.

Щхьэх жыхуаIэр зымыщIэ лэжьакIуэт ар. Зи IуэхущIафэхэр щапхъэу, цIыху Iущу, гъэсауэ, щабэу дунейм тета я лэжьэгъум икIи чэнджэщэгъум артистхэр тригъэгушхуэрт, Iуэхугъуэ куэдым гу лъитэрт. Ар сыт щыгъуи зыдэIэпыкъуу щыта и лэжьэгъухэм IэфIу ягу къызэринэжар гуапэщ. ЖыпIэнурамэ, Леонид хуэдэ режиссёрхэр гъуэтыгъуейщ, ар кIуэтэху нэхъри зыхащIэ артистхэми театрыр зи кIуапIэхэми. Лъэужь дахэ гъащIэм, щэнхабзэм къыхэзына Ерчэн Леонид театр гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гъэмахуэм Небуг щыIуощIэ

Хы ФIыцIэ Iуфэм, ТIуапсы районым хиубыдэ Ныбгъуэ къуажэм щекIуэкIащ «НэхъыфIхэм я зэманщ» зэхуэсыр. Ар къызэригъэпэщащ егъэджэныгъэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ «Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ центр» АНО-м. Зэхуэсым хэтащ Налшык къалэм гъуазджэхэмкIэ и школ №1-м и гъэсэнхэмрэ «Иоканто» уэрэджыIакIуэ студиемрэ.

- ДИ КЪЭКIУЭНУР зэлъытар сабийхэращи, абыхэм сабиигъуэ дахэ яIэн хуейщ, - жиIащ Жэрдэмыщ Iэхэмк Iэ центрым и унафэщI Бондаренкэ Наталье. – Мы фестивалым зэпеуэ, фестиваль, мастер-класс, кIэух концерт жыпIэми, куэд къыщытпэщылъщ. Зэпеуэм щытекIуэхэр хэтынущ УФ-м и цIыхубэ артисткэ Цой Анитэ и «Крылья» концертым. Ар Кремлым и уардэунэм щекIуэкIынущ.

Махуитхум кърыубыдэу къэралым и щIыналъэ куэдым щыщ уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэхэр я зэфэкI щеплъыжащ «НэхъыфIхэм я зэманщ» зэпеуэм. Дауи, абыхэм загъэпсэхуащ, зэрыцIыхуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа артистхэм «Салам алейкум» уэрэдымкIэ зэпеуэр ирагъэжьащ. Фестивалым къэрикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, «Лъэпкъ хабзэхэр зэрыфхъумэм папщIэ» унэтIыныгъэм хыхьэу, а уэрэдым саугъэт щхьэхуэ къыхуагъэфэщащ. Къищынэмыщ Iауэ, ди ныбжьыщIэхэм зэпеуэм цIыхубэ уэрэдхэри щагъэзэщIащ.

- Сабий куэдым лъэпкъ уэрэдхэр ягъэзащIэ, - къыхигъэщащ Налшык къалэм ГъуазджэхэмкIэ и сабий школ №1-м и егъэджакIуэ, «Иоканто» студием и унафэщI ПIаз Аннэ. – ЩыцIыкIум щыщIэдзауэ щэнхабзэм дегъэхьэхыным, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэу ныбжьыщIэхэр егъэцIыхуным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ныбгъуэ дызэрыщыIа махуитхум кърыубыдэу сабийхэми балигъхэми дзапэ уэрэду яIурылъащ абы щыжытIа «Салам алейкум» уэрэдыр. Ар, дауи, гуапэ тщыхъуащ.

Фестивалым щыIа ныбжьыщIэхэр хэтащ Москва ГъуазджэхэмкIэ и колледжым эстрадно-джаз уэрэдхэмкIэ и кафедрэм категорие нэхъыщхьэ зиIэ и егъэджакIуэ Лавровэ Еленэ и мастер-классым.

Зэпеуэм щытекIуахэр къагъэнэIуащ. Апэнэс Беллэ, Iэрэмысэ Алихъан, Ким Виктор, Щхьэгъэпсэу Мурат сымэ япэ увыпIэхэр къыхуагъэфэщащ. ЕтIуанэ хъуащ МафIэдз Ельдаррэ Сунш Афинэрэ.

- «НэхъыфIхэм я зэманщ» фестивалыр иджыри зэ щыхьэт техъуащ ди къэралым зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэ куэд зэрисым, - жиIащ Ростов къалэм и Музыкэ къэрал театрым и уэрэджыIакIуэ Макаровэ Ольгэ. – Макъамэмрэ гъуазджэмрэ я махуэшхуэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ фIыщIэ яхузощI.

«НэхъыфIхэм я зэманщ» фестивалыр кIэух концерткIэ зэхуащIыжащ. Абы хэтащ «Зову я вас в Балкарию» уэрэдыр зыгъэзэщIа Ким Виктор. Зэпеуэм щытекIуахэр ирагъэблэгъащ етIанэгъэ Кремлым и уардэунэм щекIуэкIыну гала-концертым.

Ди артист ныбжьыщIэхэм иджыпсту зыхуагъэхьэзыр Урысейм и махуэр зэрагъэлъэпIэнум. Мэкъуауэгъуэм и 12-м Налшык къалэм и утыкуищым – аттракционхэм я паркым, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум, Зэгурыiуэныгъэм я утхэм - абыхэм зыкъыщагъэлъэгъуэнущ.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

Ахъшэу къаIэрыхьэр

ЦIыхухэм ахъшэу къаIэрыхьэм и куэдагъым илъэс къэс зэрыхэхъуэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я деж щыещанэщ, Кавказ Ищхъэрэм щыпэрытщ. Иджыблагъэ апхуэдэ хъыбар зэбгригъэхащ Росстатым икIи абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2025 гъэм и япэ мазищым къриубыдэу процент 13,9-кIэ ди деж щыхэхъуащ.

ИУЖЬРЕЙ илъэситхум Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ зэфIэкIхэр къигъэлъагъуэ зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, 2024 гъэм ди республикэм и цIыхухэм ипэжыпIэкIэ ахъшэу къаIэрыхьэм и куэдагъым зэрыхэхъуамкIэ КИФЩI-м щыяпащ, проценти 8,7-рэ къигъэлъагъуэу.

Апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым Кавказ Ищхъэрэм япэ увыпIэр щиIыгъщ зы цIыхум тещIыхьауэ ику иту ахъшэ хэхъуэу къыIэрыхьэм и куэдагъымкIэ. Мы гъэм и щIышылэм - гъатхэпэм ар сом мин 41,4-рэ хъуащ. Иужьрей илъэситхум а бжыгъэм хуэдитIым щIигъукIэ хэхъуащ. Псалъэм папщIэ, 2020 гъэм ар зэрыхъуар сом мин 19,6-рэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЗэцIэджэгъухэм я зэпэщIэтыныгъэ

Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щызэIущIат хэгъэрейхэм я «Шэрджэсымрэ» Шэджэм къалэм и «Черкес»-мрэ. Абыхэм я зэпэщIэтыныгъэр икъукIэ гуащIэ хъуащ икIи хьэщIэхэм текIуэныгъэр яхьащ, зы топкIэ нэхъыбэ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкIри.

ЗЫМИ къыхамыгъэщIэфыурэ пэщIэдзэ джэгугъуиблым къэгъуэгурыкIуа «Черкес»-м иужь зэIущIитIым фIахьат. Абы къыхэкIыу я лъахэгъу-цIэджэгъухэм драгъэкIуэкIым мыхьэнэшхуэ иIэт. ЛъэныкъуитIми я лъэкI къагъэнакъым топджэгу дахэ къагъэлъэгъуэн папщIэ икIи ар абыхэм къайхъулIащ. ЗэкIэ текIуэныгъэр «Черкес»-м ихьащ, етIуанэ къекIуэкIыгъуэм зэхэтынум кърикIуэнум деплъынщ.

Хуабжьу хьэлэмэтт укIэлъыплъыну Алътуд щызэхэта зэIущIэми. Абы хэгъэрейхэм «Родник»-р къыщрагъэблэгъат. Мыри икъукIэ зэпэщIэтыныгъэ лъэщ хъуащ. ИкIэм-икIэжым, Псынэдахэ щыщхэм зы топкIэ нэхъыбэ дагъэкIри, текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ. Мыбы ипэкIэ «Искра»-р мыгъэрей зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ джэгугъуэм фIэкIа зэи къыщыхагъэщIатэкъым икIи и гъуащхьэхъумэхэр зэпеуэм щынэхъыфI дыдэт.

Зэхьэзэхуэм япэ текIуэныгъэр къыщихьащ Бабугент и «Логоваз»-м. Урыху къуажэм щыIэу ар щефIэкIащ, езым хуэдэу иджыри къэс зыми пэмылъэща хэгъэрейхэм.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр щиубыдащ Налшык и «Спартак-Д»-м и пашэ БитIэхъу Дамир. Абы и хьэрхэрэгъухэм топи 8 яхудигъэкIащ. ЗырызкIэ нэхъ мащIэщ къызэрыхэжаныкIар Гъажэ Ибрэхьим, («Шэрджэс») Урысбий Ратмир («Родник»), Iэщын Аслъэн («Тэрч») сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: «**Шэрджэс**» (Шэджэм ЕтIуанэ) – «**Черкес**» (Шэджэм) – **1**:**2**, «**Урыху**» (Урыху) – «**Логоваз**» (Бабугент) - **3**:**4**, «Тэрч» (Тэрч) - «**Нартан**» (Нартан) - **4**:**1**, «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) – «**Спартак-Д**» (Налшык) – 1:**3**, «**Искра**» (Алътуд) – «**Родник**» (Псынэдахэ) - **2**:**3**, «**Бедик**» (Аргудан) – «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **1**:**3**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей)- - «**Малка**» (Малкэ) - **2**:**1**.

Мэкъуауэгъуэм и 15-м къыкIэлъыкIуэ епщIанэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: «Родник» - «Бедик», «Нартан» - «Урыху», «Шэрджэс» -«Ислъэмей», «Черкес» - «Псыгуэнсу», Спартак-Д» - «Искра», «Логоваз» - «Акъбащ», «Малка» - «Тэрч» командэхэр. Абы ипэжкIэ, махуэку къакIуэ, «Тэрч» - «Псыгуэнсу», «Акъбащ» - «Искра», «Ислъэмей» - «Логоваз», «Урыху» - «Родник» ягъэIэпхъуауэ щыта джэгугъуэхэр ирагъэкIуэкIыжынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Тэрч»**	**8**	**7**	**0**	**1**	**23-53**	**21**
2.	**«Родник»**	**8**	**7**	**0**	**1**	**32-6**	**21**
3.	**«Спартак-Д»**	**9**	**5**	**2**	**2**	**31-21**	**17**
4.	«Черкес»	9	4	3	2	16-11	15
5.	«Шэрджэс»	9	4	1	4	20-25	13
6.	«Искра»	7	4	1	2	13-6	13
7.	«Бедик»	9	4	0	5	14-23	12
8.	«Ислъэмей»	8	4	0	4	22-21	12
9.	«Нартан»	9	3	3	3	25-25	12
10.	«Псыгуэнсу»	8	3	1	4	18-24	10
11.	«Малка»	8	3	0	5	15-16	9
12.	«Акъбащ»	8	1	2	5	12-30	5
13.	**«Логоваз»**	**7**	**1**	**0**	**6**	**12-31**	**3**
14.	**«Урыху»**	**7**	**0**	**1**	**6**	**9-18**	**1**

Жылагъуэ

Ди куэдщ гъуэгуфI шынагъуэншэхэр

Илъэс зыбжанэ лъандэрэ ди щIыналъэм щылэжьа «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэм и фIыгъэкIэ гъуэгухэм хэпщIыкIыу фIы и лъэныкъуэкIэ заужьащ. Абы къигъэув Iуэхугъуэхэм къапызыщэщ гъуэгу хуэIухуэщIэхэр мы лъэхъэнэм зыхуей хуэзыгъазэ «Псэуныгъэр егъэфIэкIуэн» («Инфраструктура для жизни») къэрал программэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ-экономикэ зыужьыныгъэм дежкIэ гъуэгухэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм шэч хэлъкъым, цIыхум и тыншыгъуэмрэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымрэ абы гуэх имыIэу епхащ. Къэрал программэр зыхуэгъэпсари аращ – цIыхубэм я гъащIэр нэхъыфI зыщI Iуэхугъуэхэр нэхъыбэ хъунырщ, абы и лъабжьэфI гъуэгухэри гулъытэншэ мыщIынырщ. Абы епхащ Уэзрэдж – Александровскэ (Бжэкъалэ) жылэхэр зэпызыщIэ гъуэгуми и зэгъэпэщыжыным мы зэманым иращIылIэ лэжьыгъэхэри.

ЗИ ГУГЪУ тщIа жылэхэр зэпызыщIэ гъуэгур къэралпсо мыхьэнэ зиIэ, «Кавказ» зи фIэщыгъэ гъуэгушхуэм къыхэкI зы Iыхьэщ. УФ-м и Президентым къыхилъхьа унафэм ипкъ иткIэ, къэралым гъуэгуу иIэм я процент 85-м нэхърэ мынэхъ мащIэр гъуэгуухуэ мардэхэм хуэгъэкIуэн хуейщ. ЩIыналъэ къулыкъущIапIэхэми къэрал программэхэми ягъэзащIэр а унафэращ.

КилометритI зи кIыхьагъ гъуэгур Александровскэ и Первомайскэ уэрамым ирокIуэ. IэщIагъэрылажьэхэм Iуэхугъуэ куэд зэфIагъэкIащ мы далэм ирихьэлIэу: телъ асфальт къилъэлъар трахри, тIуащIэу зэтелъ асфальтобетон тралъхьащ, ищIагъ икIи ику асфальтбетон телъхьэгъуитIыр гъуэгубгъухэм хыхьэу зэрагъэубыдащ, езы гъуэгубгъухэр лъагэу къаIэтащ. Абы къищынэмыщIауэ, уэх зиIэ, еуэкIыпIэ бзаджэхэр къыщыхъу щIыпIэхэм гъуэгурыкIуэхэри машинэзехуэхэри хуэсакъыну къыхуезыджэ дамыгъэхэр, уэздыгъэ пкъохэр щыхрагъэубыдащ. Апхуэдэу гъуэгу щхьэIухэм Т7 лIэужьыгъуэм хуэдэу светофорхэр, машинэзехуэхэм яIыгъ хуабжьагъыр ягъэмэщIэну къыхуриджэу.

Уэзрэдж къуажэр «Кавказ» гъуэгум тIэкIу пэIудзами, абы къыхэкI дэзыдзых гъуэгур къэралпсо мыхьэнэ зиIэ гъуэгушхуэм и зы пкъыгъуэщ. Абы зэпищIэр къуажэхэм я закъуэкъым, атIэ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэзыщIэ социальнэ IуэхущIапIэхэр зэрепх. Мы гъуэгум къедзащ щIыналъэпсо мыхьэнэ зиIэ сымаджэщыр, къэрал IуэхущIапIэ зыбжанэ. ЦIыхухэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ и мыхьэнэр зэрыиным къыхэкIыу, гъуэгу ухуэныгъэр къэралым и нэIэм щIэтщ.

Гъуэгуухуэхэм зэрыжаIэмкIэ, программэм къигъэув Iуэхугъуэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу зэфIагъэкIащ, къэрал технологие мардэхэр гъэзэщIа зэрыхъуар иджыпсту кIэлъыплъакIуэхэм зэраубзыхуу, гъуэгур яутIыпщынущ. Дызэрыт илъэсым и бжьыхьэкIэм яухыну я гугъэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

ГъэщIэгъуэнщ

ЩIэныгъэр гъуазэщ

ЩIым и Хъуреягъыр километр мин 40 мэхъу. Дызытет дунейр зэрыхъурейр япэ дыдэ къэзыхутауэ щытар Эратосфенщ. Ар ди эрэм и пэкIэ (276-194 гъэхэм) Египетым щыщ Александрие къалэм щыпсэуащ. Махуэ гуэрым, шэджагъуэ щыхъу дыдэм ирихьэлIэу, Эратосфен щIым баш хитIащ, идз ныбжьым и кIыхьагъыр къипщын папщIэ. Зэман дэкIри, нэхъ иужьыIуэкIэ а къэралым ипщэ лъэныкъуэмкIэ щиIэ Асуан къалэм кIуащ, мыбдежми баш гуэр щыхиIуащ, абыи идз ныбжьыр шэджагъуэм ирихьэлIэу зыхуэдизыр къищIэну.

НЫБЖЬЫР япэрейм нэхърэ мыбдежым щынэхъ кIэщIу къыщIэкIащ. Мы Iуэхум Эратосфен зыкIи къигъэуIэбжьакъым, апхуэдэу зэрыхъунум шэч къытрихьэртэкъыми. КъыщIытримыхьэр мырат: ищхъэрэкIэ зэрыщыIэм къыхэкIыу, Александрие къалэм дыгъэ бзийхэр нэхъ бгъунжу щепсырт икIи ядз жьауэр нэхъ кIыхь щыхъурт. Асуан деж дыгъэр нэхъ захуэу къыщепсырти, ныбжьыр нэхъ кIэщI щыхъурт.

ЗэщхьэщыкIыныгъэ къихутам гу лъригъэтащ Александриерэ Асуанрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэм хъурей теплъэ зэриIэм.

ЩIым къекIуэкI меридианым и кIыхьагъыр япэ дыдэу къэзыпщар Эратосфенщ. Километр 39690-рэ хъууэ къыщIэкIащ. Иджырей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, гупсысакIуэр зэрыщыуар метрипщI къудейщ.

Фэ фщIэрэ..

- ЩIым и кIэрэхъуэкIэр, мэскъал хуэдизкIэми, гъэ къэс нэхъ зэрепсынщIэкIыр;

- Азиер Байкал деж тIууэ щызэгуэкIынкIэ зэрыхъунур;

- Зэгуэр зэрыщытауэ, Европэмрэ Африкэмрэ зэхуэкIуэжу, я зэхуаку дэт Хыщхъуэр кIуэдыжыну;

- Антарктидэр ткIумэ, тенджыз Iуфэхэм Iут къалэхэр псы щIагъым къыщIэхутэну;

- Дыгъэм и щIыбагъкIэ планетэщIэ, Юпитерым нэхърэ хуэдэ 17-кIэ нэхъ ину, къызэрыщахутар;

- Юпитерым хы шыугъэ щыIэу;

- Ди Дыгъэм къедза Iэхэлъахэм и мызакъуэу, хьэрш жыжьэми планетэхэр зэрыщыIэр;

- ЩIым ирагъэщхь планетэ Шыхулъагъуэм халъэгъуауэ;

- Вагъуэкъаным (Марс) къраха щIым хаса кIэртIофыр ди щIыгулъым нэхърэ нэхъыфIу щыхъуауэ;

- Дяпэ зы илъэс тIощIрыпщIкIэ псэущхьэ губзыгъэ здэщыIэ дуней къахутэну;

- «Биологие сыхьэтыр» кърагъэкIэрэхъуэкIыжыфыну, ар дыдэмкIи цIыхур къагъэщIэрэщIэжыфыну, жьы хъугъуэм зэрытыпIэхэр езымыгъэкъутэ, узыфэхэм уащызыхъумэ хущхъуэхэр мыгувэу зэхалъхьэну;

- ЦIыху цIыкIур пIалъэкIэ нэгъуэщI планетэ бгъэIэпхъуэмэ, ЩIы Хъурейм илъэс тIощI-щэщIым унэхэр, лъэмыжхэр щызэтещэхэну; илъэсищэ дэкIмэ, къэкIыгъэхэм псори зэщIащтэу, цIыху лъэужьи къыщыпхуэмыгъуэтыжыну;

- Шпинатым (джэз) автотранспортыр зэрызекIуэн къару къитыну, экологие и лъэныкъуэкIэ зэраныгъи къимышэну, а къэкIыгъэри нэхъыбэу хэсэн хуейуэ!

КЪАН Ринэ.

Ди щIалэхэр нэхъ лъэщт

«Боксым и лигэ» фIэщыгъэр зэрихьэу боксымкIэ зэхьэзэхуэ ин Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ боксымкIэ зэпеуэхэр зэхэзышэ «Iron&Gloves Promotions», «Patriot boxing» компаниехэм, УФ-м БоксымкIэ и федерацэр къадэIэпыкъуу.

Къущхьэ Iэмин къыдэщIхэм я гъусэу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ зэIущIэ нэхъыщхьэу щытар УФ-м боксымкIэ и нэгъабэрей чемпионатым ещанэ щыхъуа адыгэ щIалэ Къущхьэ Iэминрэ ермэлы боксер Арутюнян Вахтангрэ я зэхуэзэрщ. Мыбдежым судьяхэм зэдэарэзыуэ текIуэныгъэр ди лъэпкъэгъум кърататщ, раундихкIэ ахэр зэзэуа нэужь.

ЗэIущIэр зэрызэфIэкIыу Къущхьэ Iэмин журналистхэм яжриIащ абы и плъапIэр УФ-м и чемпионату Екатеринбург къалэм мы гъэм шыщхьэуIум щекIуэкIынур зэрыарар икIи абы лъэщу зэрызыхуигъэхьэзырыр.

«Нобэрей зэIущIэр къыспэщылъ чемпионатым зэрызыхуэзгъэхьэзырым и Iыхьэ гуэру къызолъытэ. Ауэ, дауэ хъуми, спортсмен лъэщ къыспэщIэтащ иджыпсту. Лэжьыгъэ хьарзынэ едгъэкIуэкIащ икIи раундихми тэмэму дыпхыкIащ. АдэкIэ ди щыуагъэхэмрэ дызыхунэмысахэмрэ дыхэплъэжынущ. Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхузощI. Дахэу ирагъэкIуэкIащ икIи къайхъулIауэ къызолъытэ», - жиIащ Къущхьэ Iэмин.

Адрей зэIущIэхэм щызэпэщIэтахэм я гугъу тщIымэ, IэштIым пцIанэкIэ зэзауэхэм яхэт, «Top Dog»-м и чемпион Къалэжьокъуэ Къантемыр раундиплI хъу зэIущIэм щыхигъэщIащ Махмадов Сулеймэн. Мыбдежми судьяхэм псоми ди щIалэм япэ увыпIэр кърагащ.

А махуэм профессиональнэ рингым япэу къихьа Щеблыкин Вадим езанэ раундым нокауткIэ кърииудащ «БРИКС-2024» джэгухэм я чемпион Пронченков Иван. Апхуэдэуи нокауткIэ Шукуров Шохаббос зэIущIэр къыфIихьащ Хасиев Дмитрий. Iэгуей Хьэжсет судьяхэм я унафэкIэ текIуэныгъэр кърататщ Мирзоев Имам езэуа нэужь. Соттаев Хьэжсети нокауткIэ зэIущIэр Каньшин Денис къыфIихьащ, Джаппуев Расул апхуэдэ дыдэу текIуащ Сложенкэ Валерэ, Макитов Азнор хигъэщIащ Гордуладзе Ираклий.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаинэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.443
Заказыр № 1243

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, корректорхэу **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.